O’ZBEKISTAN RESPUBLIKASI JOQARI HA’M WORTA ARNAWLI BILIMLENDIRIW MINISTIRLIGI

BERDAQ ATINDAG’I QARAQALPAQ MA’MLEKETLIK UNIVERSITETI

SOCIAL-EKONOMIKALIQ FAKULTETI
<<Ekonomika >> KAFEDRASI’

MAK na jiberilsin
Dekan ______________dos.T.Jiemuratov
<<_______>>____________2014 j

5340100<<EKONOMIKA>> bakalavr ta’lim bag’dari 4-kurs studenti

Dawenov Zinatdin

**«Ka`rxanani menshiklestiriw tiykari’nda o`ndiris na`tiyjeligin artti’ri’w»** atamasindag’i

# PITKERIW QA’NIGELIK JUMI’SI’

MAK na usinis etilsin

Student:__________________ Dawenov Zinatdin

Kafedra baslig’i’ ilimiy basshi :

doc.Z.Baltasheva_________ _____________doc.J.Esmurzaev

<<___>>__________2014 j.

No’kis -2014 j

# M a z m u n ı :


| | | |
|---|---|---|
| | **Kirisiw** ____ | 3 |
| **I-bap** | **Ekonomikanı erkinlestiriw sharayatında ka`rxananı menshiklestiriwdin` za`ru`rligi ha`m onın` o`zgeshelikleri**____ | 5 |
| 1.1. | Ma`mleketlik ka`rxanalardı menshiklestiriwdegi tiykarg`ı maxset ha`m wazıypaları ____ | 5 |
| 1.2. | Respublikamızda ka`rxananı basqarıwdın` progressiv basqıshları ____ | 9 |
| **II-bap** | **Ma`mleketlik ka`rxanalardı menshiklestiriwde o`ndiris na`tiyjeliginin` tutqan ornı ha`m olardın` analizi** ____ | 15 |
| 2.1. | Ekonomikanı erkinlestiriwde ka`rxananı menshiklestiriw sistemasın reformalawdın` baslı bag`darları ____ | 15 |
| 2.2. | Ka`rxananı menshiklestiriwdin` ekonomikalıq na`tiyjeligi ha`m onın` analizi____ | 21 |
| **III-bap** | **Respublikamızda mu`lkshiliktin` ha`r qıylı formaların rawajlandırıw jolları** ____ | 40 |
| 3.1. | Ma`mleketlik mu`lkti ijarag`a beriw xızmetin rawajlandırıw strategiyası ____ | 40 |
| 3.2. | Ka`rxanalardı menshiklestiriw tiykarında kishi biznes ha`m jeke isbilermenlikti rawajlandırıw ____ | 47 |
| | **Juwmaqlaw**____ | 57 |
| | **Paydalanılg`an a`debiyatlar dizimi**____ | 61 |

# K I R I S I W

**Temanın` aktuallıg`ı.** O`zbekstan respublikası o`z g`a`rezsizligine erisiw menen ekonomikanın` putkilley jan`a bag`darına bazar ekonomikasına o`tiwi rejelestirilgen ekonomikalıq qatnasıqlar ha`m xojalıq jurgiziwdin` jan'a formaları, jan`a ekonomikalıq qatnasıqların payda etti.

Bazar ekonomikasının` tiykarg`ı o`zgesheligi sonnan ibarat, ol ma`mleketlik sektordı qısqartıw esabında jeke sektordı, a`sirese kishi biznes ha`m jeke isbilermenlikti rawajlandırıw za`ru`rligin keltirip shıg`armaqta. Usı sektordı rawajlandırıw bolsa xu`kimetimiz alıp barıp atırg`an ekonomikalıq reformalardın` en` za`ru`rli bag`darlarının` biri bolıp esaplanadı.

Bu`gingi ku`ni ma`mleketimiz ta`repinen isbilermenliktin` huquqıy, sotsiallıq, ekonomikalıq tiykarları jaratılıp ha`m jetilistirilip barılmaqta. Anıg`ıraq etip aytatug`ın bolsaq, ha`r tu`rli menshik formalarının` ten`ligi konstitutsion ta`rtipte belgileniwi ha`m sonın` tiykarında «Isbilermenlik haqqında»g`ı Nızamının` qabıl etiliwi jeke ta`rtiptegi isbilermenlik xızmeti, mikrofirmalar, kishi ha`m jeke ka`rxanalardı sho`lkemlestiriw ha`mde olardı rawajlandırıwdın` huquqıy bazası sıpatında isbilermenler ushın ken` jol ashıp berdi. «Menshik haqqında»g`ı, «Ma`mleketlik ka`rxanalardı ma`mleket iyeliginen bo`lip alıp ha`m onı menshiklestiriw haqqında»g`ı Nızamlar ha`m basqa huquqıy hu`jjetlerdin` ku`shge kiritiliwi kishi biznes ha`mde jeke isbilermenliktin` rawajlanıwı ushın za`ru`rli sharayatlar jaratılg`an.

O`zbekistanda menshik tu`rlerinin` payda bolıwı ha`m ha`r tu`rli xojalıq ju`rgiziwdin` jan`a formaların`ın` qarar tabıwı bazar qatnasıqlarının` mexanizmi bolıp esaplanadı.

Ekonomikanı erkinlestiriw jag`dayında tovar o`ndiriwshiler ha`m xızmet ko`rsetiwshiler erkin tu`rde xızmet ko`rsetedi. Olardın` erkin

tu`rde ha`reket etiwin xarakterlewshi qa`siyetlerdin` biri, mu`lk o`zinin` haqıyqıy iyesin tabadı. Bazar qatnasıqları jag`dayında tu`rli menshik formalarına ta`n bolıp, olardın` en` baslısı o`ndiris qurallarına iyelik etiwdin` jeke menshik forması bolıp tabıladı. Ma`mleketke qaraslı bolg`an mu`lkti menshiklestiriw ha`m onı ja`ma`a`tlik menshikke aylandırıw ko`plegen mashqalalardı sheshiw menen baylanıslı bolg`an protsess bolıp tabıladı.

Respublikamızda bazar qatnasıqlarına o`tiw protsessinde ekonomikamızda a`melge asırılıp atırg`an mashqalalı wazıypalardın` biri, mu`lkti ma`mleket iyeliginen bo`lip alıp, onı menshiklestiriw ha`mde ko`p ukladlı xojalıq formalarına aylandırıw bolıp tabıladı.

A`sirese, mu`lkti ma`mleket iyeliginen bo`lip alıp ekonomikalıq reformalar o`tkeriw jolı menen a`melge asırılmaqta ha`m na`tiyjede, menshiklik toparların qa`liplestiriwge imkaniyat jaratıldı.

Ekonomika quramında sho`lkemlestirilip atırg`an menshik toparı, kishi biznes ha`mde jeke isbilermenlikke ayrıqsha itibar berilip, olardı qollap-quwatlap olarg`a mu`mkinshilikler jaratıp berilmekte. Bıyılg`ı jıldı Respublikamız basshısının` baslaması menen «Kishi biznes ha`m jeke isbilermenlik jılı» dep atalawı O`zbekstannın` bu`gingi protsess da`wirinde usı tarawg`a ma`mleket siyasatının` ayrıqsha itibar qatalıwı lazım bolg`an en` baslı bag`darlarının` biri ekenliginen ibarat.

**Bul pitkeriw qa`nigelik jumısının` maqseti ha`m wazıypaları** sonnan ibarat ma`mleketimizde bazar qatnasıqlarına o`tiw protsessinde mu`lkti ma`mleket iyeliginen bo`lip alıp, onı menshiklestiriw ha`m ko`p ukladlı xojalıq formalarına aylandırıw, menshiklik toparların qa`liplestiriw na`tiyjesinde kishi biznes ha`m jeke isbilermenlikti rawajlandırıw bolıp tabıladı.

**Pitkeriw qa`nigelik jumısının` jan`alıqları** - O`zbekstan Respublikasında a`melge asırılıp atırg`an ekonomikalıq reformalar menshik formalarının` rawajlanıwı ushın mu`mkinshiliklerdin`

jaratılg`anlıg`ı, menshik formalarının` ishinde en` a`hmiyetke iye bolg`an kishi biznes ha`m jeke isbilermenlik xızmetin rawajlandırıw, O`zbekstan Respublikası Prezidentinin` 2003 jıl qabıl etilgen Pa`rmanında «O`zbekstannın` ekonomikasında jeke sektordın` u`lesi ha`m a`hmiyetin tu`pten asırıw boyınsha ilajlar haqqında» bolıp, onda jeke isbilermenlikti elede rawajlandırıw, onı basqarıw printsiplerin jetilistiriw, olardın` islerine joqarıdan aralasıwlarına shek qoyıwları ko`rsetilgen.

**Pitkeriw qa`nigelik jumısının` obiekti** Qaraqalpaqstan Respublikası Ma`mleketlik mu`lk komiteti materialları analiz etip u`yrenildi. Jumıstı jazıwda o`zbek, orıs ha`m basqada avtorlardın` kitapları, ilimiy miynetleri, Respublika Prezidenti ta`repinen shıg`arılg`an Pa`rman ha`m qararlar, gazeta, jurnallardan paydalanıldı.

**Pitkeriw qa`nigelik jumısı** kirisiw, u`sh bap, juwmaqlaw ha`m paydalanılg`an a`debiyatlar diziminen ibarat.

Kirisiw bo`liminde temanın` aktuallıg`ı, maqseti ha`m wazıypaları, jumıstın` jan`alıqları ko`rsetilgen.

Jumıstın` birinshi babında, bazar ekonomikası jag`dayında ka`rxananı menshiklestiriwdin` za`rurligi ha`m onın` o`zgeshelikleri, ekinshi bapında, Ma`mleketlik ka`rxanalardı menshiklestiriwde o`ndiris protsessinde tutqan ornı, ha`m u`shinshi bapında bolsa Respublikamızda mu`lkshiliktin` ha`r qıylı formaların rawajlandırıw jolları berilgen.

Juwmaqlaw bo`liminde bolsa Respublikamızda menshik formaların rawajlandırıwg`a baylanıslı mashqalalardın` sheshimin tabıwdag`ı imkaniyatlardan paydalanıp ha`m sonday-aq ju`zege kelip atırg`an mashqalalarg`a tiykarlanıp pikir ha`m usınıslar keltirildi.

## I-BAP Ekonomikanı erkinlestiriw ka`rxananı menshiklestiriwdin` za`ru`rligi ha`m onın` o`zgeshelikleri

### 1.1 Ma`mleketlik ka`rxanalardı menshiklestiriwdegi tiykarg`ı maqset ha`m wazıypaları

O`zbekistanda ken` ko`lemli bazar qatnasıqların a`melge asırıw protsessinde mu`lk iyeleri qatlamının` ko`lemi ken`eyip barmaqta. Ma`mleketimiz Prezidenti I.A.Karimovtın` tastıyıqlap bergenindey, «... a`melge asırılıp atırg`an reformalardın` tiykarg`ı, en` u`lken maqseti, baslı bag`darı O`zbekistanda haqıyqıy mu`lk iyeler klasın qa`liplestiriwden ibarat. Bizin` qabıl etken barlıq pa`rman ha`m qararlaımız, nızamlarımız, barlıq isimiz mine usı maqsetke qaratılg`an. Bul waziypalardi sheshpey turıp ku`tilgen na`tiyjege, turmısımızda, ekonomikamızda qa`legen o`zgerislerge erisip bolmaydı»[1]. Bazar reformalarının` ha`zirgi basqıshındag`ı og`ada a`hmiyetli wazıypa, en` da`slep, o`ndirislik tarawdag`ı ma`mleketlik ka`rxanalardı menshiklestiriw ha`m olardın` tiykarında ju`zege kelip atırg`an isbilermenlik strukturaların anıq maqset penen qollap-quwatlaw arqalı mu`lk iyeleri klasın qa`liplestiriwden ibarat. Ja`miyetimiz ushın jan`a bolg`an mine usı sotsiallıq qatlamdı, onın` xızmet tarawları formaların u`yreniwdi teoriyalıq mu`ta`jlikler g`ana emes, al a`meliy za`ru`rlikte sha`rt etip qoymaqta. Bu`gingi ku`nde ma`mleketimizde islep shıg`arılıp atırg`an jalpı ishki o`nimnin` derlik 80 protsenti, sanaat o`nimlerinin` 78 protsentten zıyatı, awıl xojalıg`ı ha`m usaqlap satıw sawda aylanısının` derlik barlıq o`nimleri ma`mleketlik emes sektordın` u`lesine tuwrı kelmekte.

Ortasha klass ma`mlekettin` tiykarı ha`m ja`miyettin` en` turaqlı bo`legi. Bul klasstı ju`zege keltiriw wazıypasın sheshiw, turmıs da`rejesin arttırıw ha`m ha`r bir insannın` isbilermenlik imkaniyatların ashıw mashqalasın sheship beredi.

---

[1] Каримов И.А. Янгича фикрлаш ва ишлаш – давр талаби. Т.: “Ўзбекистон”, 1997 йил 5-том, 335-бет.

Bul ma`selenin` ekonomikalıq ta`repi sonnan ibarat, mu`lk iyeleri real, olardın` xızmeti bolsa na`tiyjeli bolıwı kerek. Ulıwma alg`anda, ka`rxananın` barlıq islewshilerin ra`smiy aktsionerlerge aylandırıw onshelli qıyın emes. Biraq olar haqıyqatta basqarıwda qatnaspasa, dividendler almasa ha`m ha`tteki, o`z aktsiyaların ka`rxanadan tısqarıg`a sata almasa, olardı real mu`lk iyeleri dep bolmaydı. Haqıyqıy mu`lk iyesi o`z xarakteri boyınsha maqsetke muwapıq jumıs alıp barıwı ha`m o`zine tiyisli mu`lkti ko`beytiwge ha`reket etiwi kerek. Mu`lk iyeleri klası bar bolg`an mu`lk ha`m da`ramat tiykarında, sonın` ishinde:

- amanatlardı bahalı qag`azlarg`a salıw, sonday-aq, jeke shaxslarg`a tiyisli ko`shpes mu`lkten ha`m basqa mu`lklerden paydalanıw jolı menen;

- ma`mleketke tiyisli mal-mu`lkti (auktsionlarda ha`m tan`law tiykarında), sonday-aq menshiklestirilip atırg`an ka`rxanalardın` aktsiyaların satıp alıw arqalı mu`lkti ma`mleket iyeliginen shıg`arıw ha`m menshiklestiriw na`tiyjesinde;

- yuridikalıq ta`rep bolmag`an halda ha`m ka`rxanalar ashpag`an halda jeke ta`rtiptegi miynet xızmetin ha`m isbilermenlikti rawajlandırıw arqalı qa`liplestiredi.

Qandayda mu`lkke iye bolg`an shaxs mu`lk iyesi esaplanadı.

**Mu`lk iyesi** – materiallıq ha`m intellektual mu`lk ob`ektlerine iye bolg`an, olardı biylik etiw ha`m olardan o`z qa`lewine qarap, sonın` ishinde da`ramat alıw maqsetinde paydalanıw huqıqına iye fizikalıq ta`rep.

Mu`lk iyeleri klası u`sh toparg`a bo`linedi:

-da`ramat keltirmeytug`ın ha`m jeke maqsetlerde paydalanıwg`a mo`lsherlengen menshikke iye mu`lk iyeleri;

-jeke tutınıwg`a mo`lsherlengen menshik penen bir qatarda, qosımsha isbilermenlik da`ramatı yamasa kiritilgen kapitaldan da`ramat alıw ushın paydalanılatug`ın aktivlerge iye ortasha mu`lk

iyeleri;

-iri jeke ka`rxanalar, firmalarg`a iye ha`m olardın` xızmetinen u`lken da`ramat alatug`ın iri mu`lk iyeleri.

Bul toparlardın` qa`liplesiwine qanday faktorlar ta`sir etedi? Birinshi gezekte, psixologiyalıq o`zgeshelikler ta`sir ko`rsetedi. Adamdı zorlap mu`lk iyesine aylandırıp bolmaydı. Ol bug`an ruwxıy jaqtan tayar bolıwı kerek. Bul ju`da` qıyın na`rse. Sebebi adamlarg`a ha`tten tısqarı uzaq waqıt dawamında jeke mu`lkti ha`m onın` iyelerin basqalarg`a qarag`anda baslamashılıq ha`m isbilermenlik qa`bileti joqarı bolg`anlıg`ı sebepli materiallıq jaqtan jaqsıraq jasawların jaman ko`riw ha`m olarg`a isenbewshilik sezimi sin`dirilip kelindi. Bu`gin da`wir o`zgerdi, jeke mu`lkke iye bolg`an qatnasıq ta o`zgerdi, biraq eski tu`sinikler ele de bar.

Mu`lk iyeleri klasın qa`liplestiriwdin` tiykarg`ı jollarınan biri – isbilermenlikti rawajlandırıw, onın` kishi biznes ko`rinisinin` rawajlanıwın ta`miyinlew ayrıqsha a`hmiyetke iye. Aktsionerlestiriw ken` xalıq massasın mu`lkke iyelik etiwge tartıwdın` en` na`tiyjeli quralı. Biraq, bul protsess, quramalı, ko`p qırlı bolıp, ol bazar sub`ektlerinin` ma`plerine tiyisli. Bu`gingi ku`nde respublikamızda ashıq tu`rdegi aktsionerlik ja`miyetler ken` rawajlang`an.

Ka`rxananı menshiklestiriwdin` ja`ne bir forması onı tan`law tiykarında yamasa auktsionda fizikalıq yamasa yuridikalıq ta`replerge jeke mu`lk etip satıwdan ibarat. Erisilgen na`tiyjeler menen birge, tez sheshiwdi talap etetug`ın bir qatar mashqalalar da bar:

- birinshiden, menshiklestiriwdi a`melge asırıwdın` to`men pa`tleri onın` na`tiyjeligin kemeyttirmekte.

- ekinshiden, bir tarawda menshiklestiriw a`melge asırılıp, onın` menen baylanıslı bolg`an basqa tarawda ma`mleketlik mu`lk yamasa onın` monopoliyasının` saqlanıp qalıwı ka`rxanalardın` ma`plerin kemsitedi.

- u`shinshiden, menshiklestiriwdin` pullı bolıwı menshiklestirilip atırg`an ob`ektler bazarına mu`na`sip bahalanıwın talap etedi. Ulıwma alg`anda, keltirilgen mashqalalar quramalı bolıwına qaramastan, O`zbekistanda mu`lk iyeleri klasın qa`liplestiriw ha`m isbilermenlikti rawajlandırıw ushın qolaylı jag`day ju`zege keldi. Ha`zirgi waqıtta ja`miyetimiz quramında real mu`lkke iye bolg`an, onı qa`dirlep atırg`an ha`m olardı o`zlerinin` materiallıq jag`dayın jaqsılaw ushın tiykar etip alıp atırg`an adamlardın` u`lken toparı qa`liplesti. Usı ja`miyetlik qatlamdı ja`nede bekkemlew ma`mlekettin` ekonomikalıq qu`diretin arttırıwg`a, onın` ja`miyetlik-siyasiy turaqlılıg`ının` ta`miyinleniwine, demokratiyalıq qadiriyatlardın` payda bolıwına alıp keledi.

Sonın` menen birge, qalıs talqılaw reformalarımızdın` logikası ha`m turaqlılıg`ı, olardın` en` zamanago`y bazar normalarına muwapıqlıg`ın bahalaw ekonomikanı basqarıw sistemasın ja`ne de teren`lestiriw, jetilistiriw ha`m liberallastırıw boyınsha qatan` za`ru`rlik bar ekenligin ko`rsetpekte.

Prezidetimiz I.A.Karimov 2010–jılda elimizde sotsial-ekonomikalıq rawajlandırıwdın` juwmaqları ha`m 2011-jılg`a mo`lsherlengen en` a`hmiyetli bag`darlarg`a bag`ıshlang`an O`zbekstan Respublikası Ministrler Kabinetinin` ma`jilisindegi «Barlıq reje ha`m bag`darlamalarımız Uatanımızdı bunnan bılay da rawajlandırıwg`a, xalqımızdın` abadanlıg`ın arttırıwg`a xızmet etedi» atamasındag`ı bayanatında – kishi biznes ha`m jeke isbilermenlik ekonomikamızdın` tez o`zgerip turatug`ın, bazar talaplarına juwap beriwin ta`miyinleytug`ın zamanago`y strukturalardı qa`liplestiriwde, jan`a jumıs orınların sho`lkemlestiriwde ha`m xalıqtın` daramatların arttırıwda qa`nshelli a`hmiyetli rol oynaytug`ın a`lbette teren` tu`sinemiz, dep ayrıqsha atap o`tken edi. Xaqıyqatında da bul tarawdın` elimizdin` ishki bazardag`ı ornı, xalıqtın` ba`ntligin ta`miyinlewge a`hmiyeti, sonın` menen birgelikte, ekonomikamızdın`

turaqlılıg`ın ta`miyinlewdegi xızmeti son`g`ı jıllarda ayqın ko`zde taslanbaqta.

Mu`lk iyelerinin` orta klasın qa`liplestiriw, ishki bazardı ba`sekileslikke shıdamlı ha`m sapalı o`nimler menen toltırıw, jan`a jumıs orınların jaratıw ha`m usı tiykarda xalıqtın` daramatların ko`beytiw ja`ne abadanlıg`ın arttırıwdın` a`hmiyetli faktorı, elimizdin` rawajlanıwı jolındag`ı belsendi ha`reketlendiriwshi ku`sh sıpatında kishi biznes ha`m jeke isbilermenlikti bunnan bılay da rawajlandırıw ushın qolay sha`rayatlardı jaratıw boyınsha anıq maqsetke bag`darlang`an ken` ilajlar kompleksin a`melge asırıw maqsetinde, 2011-jıl O`zbekstan Respublikasında «Kishi biznes ha`m jeke isbilermenlik jılı» dep jaryalandı. Usı mu`na`sebet benen Ma`mleketlik bag`darlama qabıl etildi. Bunda O`zbekstan Respublikası Prezidentinin` qararı shıg`ıp, to`mendegi bag`darlar belgilep berildi. Biznes ortalıgın jaratıw, jeke mu`lkshiliktin` u`stinligin bekkemlewge qaratılg`an nızam hu`jjetlerin jetilistiriw ha`m bunda isenimli kepilliklerdi ta`miyinlew, kishi biznes sub`ektlerinin` finans-kreditlik ja`ne shiyki zat resurslarınana, olar islep shıg`aratug`ın o`nimlerge ma`mleketlik buyırtpalar beriwinen ken` paydalanıwın ta`miyinleytugın bazar quralları ha`m mexanizmlerin engiziw de na`zerde tutuılg`an. Bul ilajlardı ma`mleketimizde turaqlı a`melge asırıwında ekonomika salasının` ha`m onın` bir bo`legi esaplang`an kishi biznes wa`killeri tabıslı sheshiwine o`z u`leslerin qospaqta.

## 1.2 Respublikamızda ka`rxananı basqarıwdın` progressiv basqıshları

Respublikamızda mu`lkshilikti reformalaw ha`m ko`p tu`rli mu`lkshilikke tiykarlang`an qatnasıqlar sistemasın jaratıwda, en` aldı menen, ma`mleket xalıqının` mentaliteti, sotsiallıq psixologiyası ha`m ma`deniy u`rip-a`detlerine su`yengen halda ilajlardı islep shıg`ıp ha`m

onı a`melge asırmaqta. O`zbekistanda korporativ qatnasıqlardı qa`liplestiriw protsessinin` en` birinshi basqıshlarında sha`rtli ra`wishte ma`mlekettin` baslaması menen bolg`anlıg`ının` guwası bolıw mu`mkin. Sebebi mu`lkti ma`mleket iyeliginen bo`lip alıp ha`m onı menshiklestiriw protsessin da`stu`rli tu`rde qatnasıwın ta`miyinlep berdi.

1994 - jılda O`zbekstan Respublikası Ministrler Ken`esi ta`repinen «O`zbekstan Respublikasında mu`lkti ma`mleketlik iyeliginen shıg`arıw ha`m onı menshiklestiriw protsesslerin teren`lestiriw ma`mleketlik da`sturi» islep shıg`ılıp, qabıl etildi. Usı ma`mleket da`stu`ri ma`mlekette menshiklestiriw protsesslerinin` keleshegi ha`m onın` strategik maxsetlerin belgilep berdi. Menshiklestiriwdin` taktik maxsetleri bolsa, ma`mleket da`sturinen kelip shıg`ıp, islep shıg`ılg`an taraw ha`m aymaqlıq da`sturlerde o`z ko`rinisin tawadı.

O`zbekistanda korporativ basqarıw qatnasıqlarının` qa`liplesiwi menshiklestiriw protsessleri basqıshları menen birgelikte a`melge asırıldı. Ma`mleketimizde ma`mleketlik mu`lkti menshiklestiriw protsessi sha`rtli ra`wishte to`rt basqıshda a`melge asırıldı.

Da`slepki basqıshda ma`mleket u`y-jay fondların, sawda, xızmet ko`rsetiw sisteması, jergilikli, jen`il ha`m azıq- awqat sanaatı, avtomobil` tarsnportı, qurlıs sistemalarındag`ı mayda ka`rxanlardı menshiklestiriw a`melge asırılıp, ol 1992-1993 jıllardı o`z ishine qamtıydı. Menshiklestiriwdin` bul basqıshında aldın ma`mleketke qaraslı bolmag`an u`y-jay fondları jeke, mayda ka`rxanalar bolsada jeke, ha`m ja`ma`a`tlik mu`lk formalarına aylandırılıp, jan`a ma`mleketlik emes mu`lkke tiykarlang`an ka`rxanalar payda boldı. Bul ka`rxanalardın` ko`pshiligi g`a`rezsiz O`zbekstannın` a`meldegi nızamg`a tiykarlanıp ja`ma`a`tlik ka`rxanaları esabınan dizimnen o`tkerildi. Ja`ma`a`tlik ka`rxanalarg`a bolsa korporativliktin` ayrım

belgilerine ta`n bolıp, usı waqıtta O`zbekistanda korporativ basqarıw sistemasının` qa`liplesiwine da`slepki qa`dem taslag`an edi.

Keyingi basqıshtı qa`nigeler O`zbekistanda mu`lkti ma`mleket iyeliginen bo`lip alıp ha`m menshiklestiriwde o`z sheshimin tapqan basqısh sıpatında ko`rsetedi. Haqıyqatdan ekinshi basqıshda (1994-1995 jıllar) tolıq menshiklestiriw, demek, korporativ basqarıwdın` rawajlanıwın ta`miyinlew za`rur bolg`an juda` ko`p jan`a xojalıq sub`ektleri payda boldı. Usı basqıshda ma`mlekettin` qadag`alawı sha`rt bolmag`an tarawlar – jen`il sanaat, mashinasazlıq, qurılıs materialların islep shıqarıw tarawlarındag`ı orta ha`m iri ka`rxanalar ulıwmalıq ta`rizde menshiklestiriw protsesslerine tartıldı. Ma`mleket bas reformator bolıp esaplang`an ma`mlekettin` menshiklestiriw da`sturine qaray, tarawg`a ha`m aymaqtın` a`xmiyetine iye bolg`an bir neshe mın`nan aslam ob`ektlerdi menshiklestiriw na`zerde tutılg`an edi. Menshiklestiriwdin` bul basqıshı ma`mlekette korporativ basqarıw sistemasının` tolıq turde qa`liplesiwine o`z ulesin qosqan ko`plegen aktsionerlik ja`ma`a`tlerdin` payda bolıdı. Bul waqıtta kishi ka`rxanalar jeke mu`lkke tiykarlang`an ka`rxanalarg`a aylantırılg`an bolsa, iri ma`mleketlik ka`rxanaları ashıq turdegi aktsionerlik ja`mietlerine aylantırıldı. Usı basqıshtın` unamlı basqıshı sıpatında korporativ basqarıw sistemasının` aktiv qatnasıwshıları bolıp esaplang`an menshiklik toparlarına tiykar salg`anlıg`ın aytıp o`tiw lazım. Bul qatlam elede ken`eyip, olardın` qatarına menshiklestirilgen jeke ha`m kishi ka`rxanalarda qosıldı.

U`shinshi basqıshta (1996 – 1998 jıllar) aktsiyalarının` qadag`alaw paketleri ma`mlekettin` qaramag`ında bolg`an ka`rxana ha`m tarawlar mu`lkin basqarawdı reformalaw belgilengen edi. Bul basqıshtın` o`zine ta`n belgileri sonnan ibarat, onda ma`mleket xukumet ta`repinen menshiklestiriw protsessine tartılmaytug`ın ob`ektlerinin` dizimi belgilep berildi. Bul dizimge suwdan paydalanıw ob`ektleri, melioratsiya tarawları, muzeyler, sanepidstantsiyalar,

strategik ha`m ha`rbiy axmiyetke iye ob`ektler ha`m sistemalar kiritildi.

Menshiklestiriwdin` usı basqıshında, yag`nıy 1996 jıl 26 aprel`de O`zbekstan Respublikasının` «Aktsionerlik ja`mietleri ha`m aktsionerler huquqların qorg`aw haqqında» g`ı Nızamı qabıl etildi. Bul nızamnın` qabıl etiliwi O`zbekistanda korporativ basqarıw sistemasının` tolıq turde qa`liplesiwi sheshiwshi basqıshg`a kirgenliginen ko`rinip turıptı. Nızamnın` xalıq aralıq huquqı tiykarında islep shıqılg`anlıg`ı, ondag`ı normativ tiykarda O`zbekstan xalıqı mentalitetin inabatqa alg`anlıg`ı Nızamnın` a`hmiyetin ja`nede asırdı.

Menshiklestiriwdin` to`rtinshi basqıshında (1998 jıldan keyingi da`wir) menshiklestiriwden tusken qarjılardı ma`mleket byudjetine tusiriw, menshiklestirilip atırg`an ka`rxanalarg`a shet ellik investitsiyalardı tartıw, basqarıwdın` na`tiyjeligin asırıw ha`m jan`a menshik qatnasıqlardın` tolıq turde a`melge asırılıwı ushın sharayatlardı jaratıw tiykarg`ı wazıypa etip belgilengen edi. Biziq pikirimizshe, usı basqıshda na`zerde tutılg`an «menshik qatnasıqlardın` orınlanıwı ushın qolaylı sharayatlar jaratıw» wazıypası respublikada na`tiyjeli korporativ basqarıw a`meliyatın engiziw boyınsha jumıslardı birgelikte a`melge asırıw na`zerde tutıldı.

O`zbekstan Respublikası Prezidentinin` 2003 jıl 24-yanvar`dag`ı «O`zbekstan ekonomikasında jeke sektordın` ulesi ha`m a`xmiyetin tupten asırıw ilajları haqqında»g`ı Pa`rmanı ma`mleket iyeliginen shıg`arıw ha`m menshiklestiriw tiykarında payda bolg`an xojalıq sub`ektlerin basqarıwdı na`tiyjeli payda etiw, bunda korporativ basqarıwdın` putkil dun`yada ta`n alıng`an printsipleri ha`m usıllarınan paydalanıw boyınsha sheshiwshi tiykarlardı belgilep berdi.

Sonın` ushında O`zbekistanda korporativ basqarıw sistemasının` qa`liplesiwinde tiykar bolg`an mu`lkti ma`mleket iyeliginen bo`lip alıw ha`m onı menshiklestiriwdin` sanap o`tken to`rt basqıshın

usıng`an halda korporativ basqarıw qatnasıqların jan`a mazmunda rawajlandırıw imkaniyatın Bergen usı Pa`rman korporativ basqarıw sisteması rawajlanıwdın` sheshiwshi basqıshı baslap berdi. Bunı to`mendegi sızılmadan ko`riwin`izge boladı.

1-keste

**Korporativ basqarıw sistemasın qa`liplestiriw da`wirleri**

| **Basqısh lar** | **Da`wir ler** | **Atalı w ı** | **Belgileri** | **Na`tiyjeler** |
|---|---|---|---|---|
| Birinshi | 1990-1992 jıllar | Tiykar ların qa`liple stiriw | Menshik qatnasıqlarının` huquqiy tiykarları qa`liplestirildi | Korporativ basqarıwdın` teoriyalıq tiykarların jaratıw boyınsha izleniwler |
| Ekinshi | 1993 – 1995 jıllar | Menshi k qatnasıq ların reforma law | Da`slepki aktsionerlik ja`mietleri, kishi ha`m jeke ka`rxanalar payda boldı | Korporativ basqarıw a`meliyatı korporativ basqarıw elementlerinin` payda bolıwın ta`miyinledi. |
| Ushinshi | 1996–2002 jıllar | Korpora tiv basqarı w qatnasıq larının` qa`liple siwi | «Aktsionerlik ja`mietleri ha`m aktsianerler huquqların qorg`aw haqqında» O`zbekstan Respublikası Nızamının` qabıl etiliwi O`zbekistanda korporativ basqarıw sistemasının` tolıq turde qa`liplesiwin sheshiwshi basqıshqa kirgenligin bildirdi. | Ja`miyette korporativ basqarıw menshiklik toparları ken`eydi, biznes rawajlanıwındakorpor ativ strukturalardın` a`xmiyeti o`sti. |
| To`rtinshi | 2003 ha`zir ge deyin | Korpora tiv basqarı w sistema sın jetilis tiriw | O`zbekstan Respublikası Prezidentinin` g`00q jıl g`n` yanvardag`ı «O`zbekstan ekonomikası jeke sektordın` ulesi ha`m a`xmiyetin tupten a`melge asırıw ilajları»g`ı Pa`rmanı ha`m onnan keyingi | Ma`mlekettin` korporativ basqarıw sistemasın jetilistiriw boyınsha ha`reketleri o`sti: aktsionerlik ja`mietler iri ka`rxanalarg`a aylantırıldı. Korporativ ma`sla`ha`tshiler, auditor xızmeti |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | | normativ xujjetlerdin` qabıl etiliwi korporativ basqarıwdı jetilistiriwge imkan jarattı. | institutları engizildi. |

Usı Pa`rman ha`m onın` tiykarında qabıl etilgen Ministrler Ken`esinin` bir neshe qararları O`zbekistanda korporativ basqarıw qatnasıqlarının` rawajlanıwın ta`miyinlewde za`rurli a`xmiyetke iye boldı. Usı normativ hujjetler tiykarında O`zbekistanda korporativ qatnasıqlardın` en` tiykarg`ı qatnasıwshıları bolg`an aktsionerlik ja`miyetlerdin` huquqıy-sho`lkemlestiriwshilik ta`replerine ayrım o`zgerisler kirgizildi, olardın` basqarıwında inabatqa alınıwı za`rur bolg`an normativ talaplar belgilep berildi, ayrım aktsionerlik ja`miyetlerdin` salıstırmalı turde a`piwayı sho`lkemlestiriwshilk-huquqıy formag`a o`tiwi za`rurligi tiykar etip berilip, respublikada korporativ basqarıw ta`liymatı ha`m onı ken` ja`ma`a`tshilikke usınılıw za`rurligi ko`rsetilip, na`tiyjede respublikamızda biznes ortalıg`ının` elede rawajlanıwı ushın huquqıy jaqtan bekkemlendi.

## II – bap Ma`mleketlik ka`rxanalardı menshiklestiriwde o`ndiris na`tiyjeliginin` tutqan ornı ha`m olardın` analizi

### 2.1 Ekonomikanı erkinlestiriwde ka`rxananı menshiklestiriw sistemasın reformalawdın` baslı bag`darları

Ba`rshemizge belgili, elimizdin` g`a`rezsiz rawajlanıwının` da`slepki basqıshında, yag`nıy 1991-jıldan 2000-jılg`a shekem bolg`an da`wirde u`lken O`zgerislerdi a`melge asırıwda tiykarg`ı itibarımız oraylastırılg`an ha`kimshilik-byurokratlıq sistemasın saplastırıw ha`m bazar ekonomikasının` tiykarların, tu`rinen burın, nızamshılıq bazasın qa`liplestiriw ushın sharayat jaratıwg`a qaratıldı.

Usı bag`darda qabıl etilgen og`ada a`hmiyetli nızam ha`m normativ hu`jjetlerdin` qatarında Puqaralıq, Jer, Salıq ha`m Bajıxana kodeksleri, “Ma`mleket iyeliginen shıg`arıw ha`m menshiklestiriw haqqında”, “Bankler ha`m bank jumısı haqqında”, “Shet el investitsiyaları haqqında”, “Shet ellik investorlar huqıqlarının` kepillikleri ha`m olardı qorg`aw ilajları haqqında”g`ı Nızamlardı atap o`tiwimiz mu`mkin.

Reformalarımızdın` keyingi basqıshında bolsa “Isbilermenlik jumısı erkinliginin` kepillikleri haqqında”, “Jeke menshik ka`rxana haqqında,” “Valyutanı ta`rtipke salıw haqqında”, “Sırtqı ekonomikalıq jumıs haqqında”, “Fermer xojalıg`ı haqqında” g`ı Nızamlar, jan`a redaktsiyadag`ı Salıq kodeksi ha`m ekonomikanı reformalaw boyınsha ulıwma esapta 400 den zıyat nızam hu`jjetleri islep shıg`ılıp, qabıl etildi ha`m engizildi. Olardın` barlıg`ı ekonomikamızdı ja`ne de liberallastırıw ha`m modernizatsiyalawda tek g`ana bekkem huqıqıy tiykar bolıp qalmastan, al a`melge asırılıp atırg`an bazar reformalarının` izge qaytpaslıg`ının` kepili bolıp xızmet etpekte.

Sonın` menen birge, qalıs talqılaw reformalarımızdın` logikası ha`m turaqlılıg`ı, olardın` en` zamanago`y bazar normalarına muwapıqlıg`ın bahalaw ekonomikanı basqarıw sistemasın ja`ne de

teren`lestiriw, jetilistiriw ha`m liberallastırıw boyınsha qatan` za`ru`rlik bar ekenligin ko`rsetpekte.

Birinshi gezekte, jeke menshik mu`lktin` huqıq ha`m qorg`alıwın bekkemlewimiz, ha`r qanday jeke menshik mu`lk iyesi nızamlı jol menen qolg`a kirgizgen yamasa do`retken O`z mu`lkinin` qol qatılmaslıg`ına hesh qanday gu`man etpesligin ta`miyinleytug`ın isenimli kepillikler sistemasın jaratıwımız za`ru`r. Ha`r bir isbilermen, tu`rinen burın, sonı anıq bilip alıwı kerek, ma`mleket jeke menshik mu`lk iyesi huqıqlarının` qorg`awshısı bolıp tabıladı. Sol ushın da isbilermenler O`z biznesine qa`weterlenbesten investitsiya kirgiziwi, O`ndirislik jumısların ken`eytiwi, o`nim ko`lemi menen alıp atırg`an da`ramatın ko`beytiwi, O`z mu`lkine O`zi iyelik etiwi, paydalanıwı kerek. a`ne usı maqsette bazar ekonomikasının` negizi esaplang`an jeke menshik mu`lkke baylanıslı ma`mleket ta`repinen berilip atırg`an tiykarg`ı kepilliklerdi bekkemlewge qaratılg`an “Jeke menshik mu`lkti qorg`aw ha`m mu`lk iyeleri huqıqları kepillikleri haqqında” g`ı Nızamdı islep shıg`ıw ha`m qabıl etiw za`ru`r.

Sonday aq, basqarıw sistemasın jetilistiriw, artıqmash byurokratlıq tosqınlıqlardı saplastırıw maqsetinde “Isbilermenlik jumısı salasında ruxsat beriw ta`rtip-qag`ıydaları haqqında” g`ı Nızamdı islep shıg`ıw ha`m qabıl etiw u`lken a`hmiyetke iye bolmaqta. Bunda isbilermenlik jumısın ju`rgiziw ushın za`ru`r bolg`an ruxsat beriw ta`rtip-qag`ıydalarının` qatan` sheklengen dizimi menen ta`rlerin anıq belgilep qoyıw, nızamda ko`zde tutılmag`an artıqmash ruxsatnama ha`m ruxsat beriw ta`rtip-qag`ıydalarının` jan`a tu`rlerinin` kirgiziliwin nızam menen u`zil-kesil qadag`an etiw za`ru`r.

Bu`gingi ku`nde kishi biznes ha`m isbilermenlikti ken`eytiw ushın biznestin` jan`a sho`lkemlestiriwshilik-huqıqıy tu`ri retinde shan`araqlıq biznesti nızamda belgilep qoyıw waqtı keldi. Elimizde biznesti sho`lkemlestiriwdin` bul tu`ri biznesti ju`rgiziwde ju`zege

kelgen milliy da`stu`rlerimizge, xojalıq ju`rgiziw jumısının` ha`reket etip turg`an jag`dayına tolıq say keledi. Bunday biznesti sho`lkemlestiriwdin` nızamshılıq bazası jaratılsa, shan`araqlıq biznestin` huqıqıy kepilliklerin ku`sheytiw, ekonomikanın` ha`r qıylı salalarında onın` jedel ha`m ken` rawajlanıwı, ha`m jan`a jumıs orınlarının` ashılıwına sharayat tuwılatug`ınlıg`ına isenimim ka`mil.

Jer ju`zilik finanslıq-ekonomikalıq dag`darıs da`wirinde elimizdin` finans-bank sisteması O`zinin` turaqlı ha`m isenimli ekenin da`lilledi. Sonın` menen birge, bul sistemanın` tag`ı da bekkemleniwi jeke menshik bankler ha`m jeke menshik mu`lkke tiykarlang`an lizing, qamsızlandırıw kompaniyaları, kredit sho`lkemleri, mikrofinanslıq sho`lkemler sıyaqlı finanslıq institutlardı sho`lkemlestiriwdin` nızamshılıq tiykarların qa`liplestiriw esabınan bank-finans salasına jeke menshik kapitaldı engiziw menen de baylanıslı. Bul bolsa bank ha`m basqa finanslıq xızmetler bazarında ba`sekinin` ken`eyiwi ha`m qarıydarlarg`a xızmet ko`rsetiw sapasının` artıwına mu`mkinshilik beredi ha`m en` joqarı xalıqaralıq standartlar talabına say zamanago`y bazar infrastrukturasının` rawajlanıwı ushın sharayat jaratadı.

Elimizde o`tken jıllar dawamında bazar ekonomikası salasındag`ı O`zgerislerdin` isenimli nızamshılıq bazasın qa`liplestiriw bag`darında a`melge asırılg`an u`lken jumıslar hesh kimge sır emes, a`lbette. Bulardın` barlıg`ın atap O`tken halda, ha`rekettegi nızamlarımızdın` ko`pshiligin olardı qollanıw a`meliyatı ha`m elimizde bazar qatnasıqlarının` rawajlanıwının` ha`zirgi da`wirdegi jan`a real jag`dayınan kelip shıg`ıp, ayrıqsha tu`rde qayta ko`rip shıg`ıw kerek.

Mısal ushın, elimizdegi derlik barlıq o`ndiris ob`ektleri aktsionerlik kompaniyaları printsipi boyınsha sho`lkemlestirilgen, biraq olar O`z statusına qay da`rejede say tu`rde jumıs ju`rgizbekte ha`m O`z huqıqlarınan qalayınsha paydalanbaqta, degen sorawdı o`zimizge berip ko`reyik. Aktsionerlik kompaniyaları O`zlerinin`

bazar qatnasıqlarına say statusına muwapıq jumıs ju`rgiziwi ushın ja`ne qanday mexanizmlerdi ha`reketke keltiriw za`ru`r?

Usı mu`na`sibet penen “Aktsionerlik ja`miyetleri ha`m aktsionerlerdin` huqıqların qorg`aw haqqında”g`ı Nızamdı sın ko`zqarastan qayta ko`rip shıg`ıp, jan`a redaktsiyada islep shıg`ıw ha`m qabıl etiw ja`ne onda korporativ basqarıw ha`m qadag`alaw uyımlarının` wa`killikleri, huqıqları menen juwapkershiligin ja`ne de anıq belgilew za`rur. Usı nızamdag`ı aktsionerlik ja`miyetlerinin` baqlawshılar ken`esleri, ulıwma jıynalısları, tekseriw komissiyalarının` roli ha`m a`hmiyetin arttırıw, minoritar, yag`nıy qolında aktsiyası az bolg`an aktsionerlerdin` kepilliklerin ko`birek ta`miyinlew, barlıq aktsionerlerde ha`m bolajaq investorlardın` aktsionerlik kompaniyaları jumısı haqqında ma`limleme alıw imkaniyatların ken`eytiwdi na`zerde tutıw maqsetke muwapıq bolar edi.

Ha`zirgi waqıtta ja`ne bir a`hmiyetli ma`sele — elimiz ekonomikasında kishi biznes, birinshi gezekte, jeke isbilermenliktin` roli ha`m u`lesin ja`ne de ken`eytiwdi ta`miyinley alatug`ın nızamlardı qabıl etew ma`selesi biz ushın a`hmiyetli bolıp qalmaqta.

O`zbekstannın` bıyılg`ı jılg`ı jalpı ishki O`niminde kishi biznestin` u`lesi o`q protsentten artıp baratırg`anına qaramastan, bul sala real ekonomikamızda, tu`rinen burın, sanaatta jetekshi orındı iyeley almay atır. Bul wazıypanı sheshiw ushın “Isbilermenlik jumısı erkinliginin` kepillikleri haqqında”g`ı Nızamnın` jan`a redaktsiyasın tayarlaw za`ru`r. Bul nızamda kishi biznes ha`m jeke isbilermenlik sub`ektlerin sho`lkemlestiriw jolların a`piwayılastırıw, olardın` jumısı ushın ko`birek erkinlikler beriwdi na`zerde tutıw kerek. Bul sektordı kreditlew, resurslardan paydalanıw, ma`mleket buyırtpaların alıw, isbilermenlik sub`ektleri islep shıg`arıp atırg`an o`nimlerdi satıw ushın jan`a jen`illikler beriw, xalıqaralıq a`meliyatqa muwapıq da`ramatlardın` jıllıq deklaratsiyası tu`rine basqıshpa-basqısh o`tiw,

finans ha`m statistika esap-sanaqları sistemasın tag`ı da a`piwayılastırıw, sonın` ishinde, bunday esap-sanaqlardı wa`killikli ma`mleketlik uyımlarg`a elektron tu`rde usınıw sıyaqlı mexanizmler esabınan qollap-quwatlaw ma`seleleri de nızamda o`z ko`rinisin tabıwı kerek.

Ha`mmemiz jaqsı tu`sinemiz, bazar qatnasıqlarının` negizi bolg`an ba`sekini rawajlandırıwda monopoliyag`a qarsı nızam hu`jjetleri u`lken rol` oynaydı. Biraq a`meldegi “Tovar bazarlarında monopoliyalıq ha`reketti sheklew ha`m ba`seki haqqında”g`ı Nızam bu`gingi ku`nde go`nerdi ha`m zaman talaplarına juwap bermey qaldı. Sonı itibarg`a alg`an halda, “Ba`seki haqqında” g`ı jan`a nızamdı islep shıg`ıwımız ha`m qabıl etiwimiz za`ru`r. Bul nızamda monopoliyalıq ha`reketti tek tovarlar bazarında g`ana emes, al finans bazarlarında da ta`rtipke salıwdı na`zerde tutıw kerek. Sonday-aq, birja sawdalarında da monopoliyag`a qarsı mexanizmlerdi, aktsiyalardı satıp alıw, qosıw ha`m birlestiriw kelisimlerin ta`rtipke salıw ha`m qadag`alaw ta`rtip qag`ıydaların a`piwayılastırıw boyınsha normalardı usı nızamg`a kirgiziw maqsetke muwapıq boladı.

Ha`zirgi ku`nde elimizde jalpı ishki o`nimnin` 80 protsentten aslamın ma`mleketlik emes sektor ta`miyinlemekte. Sonı ta`n alıwımız kerek, 1991- jılı qabıl etilgen “Ma`mleket iyeliginen shıg`arıw ha`m menshiklestiriw haqqında”g`ı Nızam, O`tken da`wir dawamında 80 nen zıyat nızamg`a tiykarlang`an hu`jjet sog`an u`ylestirilgenligine qaramastan, bu`gin qayta ko`rip shıg`ıwdı ha`m jan`a redaktsiyada qabıl etiwde talap etpekte.

Elimizdin` strategiyalıq a`hmiyettegi tarmaqları ha`m ka`rxanalarında aktsiyalardın` qadag`alaw paketi, basqasha aytqanda “altın” aktsiyalardı ma`mleket ıqtıyarında saqlap qalg`an halda, ekonomikanın` en` a`hmiyetli jetekshi tarmaqlarına jeke menshik investorlardı tartıw ha`m olarda ma`mleketlik emes sektordın` u`lesin tag`ı da ken`eytiw za`ru`r. Bunda bolajaq investorlardın` barlıq

kategoriyalarına menshiklestiriw protsesslerinde ten`dey sharayat jaratıwdı ta`miyinlew, olarda jeke menshik sektordın` qatnasın ken`eytiw, menshiklestiriw kelisimlerinin` ashıq-aydınlıg`ı ha`m ja`riyalılıg`ın na`zerde tutıw kerek.

Joqarıda atap o`tilgen og`ada u`lken a`hmiyetke iye nızamlardı jetilistiriw menen birge, O`zbekistanda a`melde asırılıp atırg`an bazar reformalarının` pa`ti ha`m logikalıq talaplarınan kelip shıqqan halda, erkin bazar ekonomikası qatnasıqların ja`ne de rawajlandırıwg`a xızmet etetug`ın bir qatar nızamlar qabıl etiwdi turmıstın` O`zi talap etpekte. “Kredit byuroları jumısı ha`m kredit ma`limleme almasıwı haqqında”, “Girew reestri haqqında”, “Rieltorlıq jumısı haqqında”, “Investitsiya ha`m pay qorları haqqında”, “Innovatsiyalar ha`m ekonomikanı modernizatsiyalaw haqqında”g`ı ha`m basqa jan`a nızamlar usılar qatarına kiredi.

Ja`ne bir a`hmiyetli ma`sele, sonda elimizdin` ekonomikalıq rawajlanıwının` en` a`hmiyetli perspektivaları ha`m ustin bag`darların belgilep alar ekenbiz, biz ishki za`ru`rliktin` o`siwine ayrıqsha itibar qaratıwımız kerek boladı. Jer ju`zilik finanslıq-ekonomikalıq dag`darıs aqıbetlerin jumsartıwg`a qaratılg`an dag`darısqa qarsı ilajlar bag`darlamasında a`ne usınday qatnas negizinde jumıs alıp barg`anımız o`tken jıllarda o`zin tolıq aqladı. Sonı da atap o`tiw kerek, bu`gingi ku`nde Aziyadag`ı ko`plegen eller mine usınday pozitsiyag`a a`mel etip kelmekte.

Usınnan kelip shıqqan halda, bizin` jaqın keleshektegi en` a`hmiyetli wazıypamız baslag`an jumıslarımızdı izbe-iz dawam ettiriw-tutınıw talabın ken`eytiw maqsetinde sotsiallıq salanı rawajlandırıw, miynetke haqı to`lewdi ja`ne de arttırıw, xızmet ko`rsetiw sektorın, infrastruktura ob`ektlerin rawajlandırıwg`a, transport ha`m kommunikatsiya joybarlarının` a`melge asırılıwına ayrıqsha itibar beriwden ibarat.

## 2.2 Ka`rxananı menshiklestiriwdin` ekonomikalıq na`tiyjeligi ha`m onın` analizi

Mu`lk iyelerinin` orta klasın qa`liplestiriw, ishki bazardı ba`sekileslikke shıdamlı ha`m sapalı o`nimler menen toltırıw, jan`a jumıs orınların jaratıw ha`m usı tiykarda xalıqtın` da`ramatların ko`beytiw ja`ne abadanlıg`ın arttırıwdın` a`hmiyetli faktorı, elimizdin` rawajlanıwı jolındag`ı belsendi ha`reketlendiriwshi ku`sh sıpatında kishi biznes ha`m jeke isbilermenlikti bunnan bılay da rawajlandırıw ushın qolay sharayatlardı jaratıw boyınsha anıq maqsetke bag`darlang`an ken` ilajlar kompleksin a`melge asırıw maqsetinde, sonday-aq, Prezidentimiz I.A.Karimovtın` baslaması menen 2011-jıl «Kishi biznes ha`m jeke isbilermenlik» jılı dep belgilendi ha`m za`ru`r nızamlar, qararlar, pa`rmanlar ha`m huquqıy-normativ hu`jjetler qabıl etilgen bolıp, olar turmısqa engizilmekte.

Ma`mleketimiz basshısının` turaqlı itibarı na`tiyjesinde o`ndiristi jergiliklilestiriw, ekonomikanın` jeke sektorına za`ru`rli sharayat jaratıw sıyaqlı a`hmiyetli ma`seleler o`z waqtında sheshilmekte. Usı mu`na`sibet penen elimizdin` barlıq aymaqlarında bazar talaplarına tez beyimlese alatug`ın ha`m qosımsha jumıs orınların jaratıwg`a mu`mkinshilik beretug`ın kishi ka`rxanalardı sho`lkemlestiriwge ayrıqsha itibar qaratılmaqta.

Respublikamızdın` ekonomikalıq rawajlanıwı, ekonomikalıq g`a`rezsizligi, xalıqtın` pa`rawan turmıs da`rejesi, qalaberse miynet resurslarının` jumıs penen ba`ntlilik da`rejesi kishi biznes ha`m jeke isbilermenliktin` rawajlanıwı menen tıg`ız baylanıslı. Bul jag`day bolsa ka`rxananın` ekonomikalıq erkinligin xoshametlew da`rejesinin` rawajlanıwı menen xarakterlenedi.

Keleshekte ekonomika tarawlarında da o`zgerisler ju`zege keledi. Bul jag`day da kishi ka`rxanalardın rawajlanıwı tiykarında ju`z beredi. Song`ı jıllarda menshiklestiriw forması ha`m usılların

jetilistiriw, ka`rxanalardı tolıq ha`m aktsiyalarının` ma`mleket paketlerin jeke menshikke satıw boyınsha qabıl etilgen ilajlar ekonomikanın` a`meldegi barlıq tarawlarında menshik qatnasıqlarının` tupten o`zgertiw protsesslerin jedellestiriw ha`m teren`lestiriw ushın qolaylı sharayatlar jaratıldı. Ma`mleketlik aktivleri ha`m aktsiyalar paketleri nolge ten` bolg`an qun boyınsha satıw keyingi jıllarda a`melge asırılg`an menshiklestiriw protsessinin` o`zine ta`n qa`siyeti bolıp tabıladı.

Bunın` da`lili sıpatında Qaraqalpaqstan Respublikası ma`mleketlik mu`lk komiteti ta`repinen aktivler 1 mlrd.swmnan artıq bolg`an ka`rxanalarda ishki audit xızmetin engiziw boyınsha islengen jumıslardı to`mendegi  № 2-kesteden ko`riwin`izge boladı.

**Aktivleri 1 mlrd.sumnan artıq bolg`an ka`rxanalarda ishki audit xızmetinin` engiziliwi haqqında**

**MAG`LIWMAT**

| Aymaqlar | Aktsionerlik ja`miyetler | | | Juwapkershiligi sheklengen ja`miyet | | | Ma`mleketlik unitar ka`rxanalar | | | Qospa ka`rxanalar | | | Basqalar | Ja`mi | Engizilgen | Engizilmegen |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | 1.mlrd.sumnan-10 mlrd. sumg`a deyin | 10 mlrd. Summ-nan - 50 mlrd. sumg`a deyin | 50 mlrd. sumnan ar-tıq | 1.mlrd.sumnan -10 mlrd. sum-g`a deyin | 10 mlrd. sumnan - 50 mlrd. sumg`a deyin | 50 mlrd. Summ-nan artıq | 1.mlrd sumnan -10 mlrd.sumg`a deyin | 10 mlrd sumnan - 50 mlrd. sumg`a deyin | 50 mlrd Summ-nan artıq | 1.mlrd sumnan -10 mlrd sumg`a deyin | 10 mlrd sumnan - 50 mlrd. sumg`a deyin | 50 mlrd. Summ-nan artıq | | | | |
| No`kis qalası | 2 | 3 | - | - | - | - | 2 | - | - | - | - | - | - | 7 | 6 | 1 |
| Taxiyatash qalası | - | 1 | 1 | - | - | - | - | - | - | - | - | - | - | **2** | **2** | - |
| Amudar`ya rayonı | 2 | - | - | - | - | - | - | - | - | - | - | - | - | **2** | **2** | - |
| Beruniy rayonı | 2 | - | - | - | - | - | - | - | - | - | - | - | - | **2** | **2** | - |
| Kegeyli rayonı | 1 | - | - | - | - | - | - | - | - | - | - | - | - | **1** | **1** | - |
| Qon`ırat rayonı | - | - | - | - | - | - | - | - | 1 | - | - | - | - | **1** | - | **1** |
| No`kis rayonı | 1 | - | - | - | - | - | - | - | - | 1 | - | - | - | **1** | **1** | - |

| | | | | | | | | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| To`rtkul rayonı | - | 1 | - | 1 | - | - | - | - | - | 1 | - | - | - | **3** | **2** | **1** |
| Xojeli rayonı | 2 | - | - | - | - | - | - | - | - | - | - | - | - | **2** | **2** | **-** |
| Shımbay rayonı | 2 | - | - | - | - | - | - | - | - | - | - | - | - | **2** | **2** | **-** |
| Shomanay rayonı | - | - | - | - | - | - | - | - | - | - | - | - | - | **-** | **-** | **-** |
| Ellikqala rayonı | 1 | - | - | - | - | - | - | - | - | - | - | - | - | **1** | **1** | **-** |
| Moynaq rayonı | - | | | - | - | - | - | - | - | - | - | - | - | **-** | **-** | **-** |
| **Ja`mi Qaraqalpaq-stan Respub-likası boyınsha** | **13** | **5** | **1** | **1** | **-** | **-** | **2** | **-** | **1** | **1** | **-** | **-** | **-** | **24** | **21** | **3** |

Joqarıdag`ı kesteden ko`rip turg`anın`ızday Respublika boyınsha aktivleri 1 mlrd.sumnan artıq bolg`an ka`rxanlar yag`nıy aktsionerlik ja`miyetlerden 13 ka`rxana, 10 mlrd.sumnan 50 mlrd.sumg`a deyingi aktsionerlik ja`miyetlerden 5 ka`rxana, 50 mlrd.sumnan artıqg`ı bolsa 1 ka`rxananı quraydı. Juwapkershiligi sheklengen ka`rxanalarda bolsa aktivleri 1 mlrd.sumnan artıq bolg`an ka`rxana tek g`ana 1 ka`rxana, 10 mlrd.sumnan 50 mlrd.sumg`a deyingi ha`m 50 mlrd.sumnan artıqg`ına iye bolg`an ka`rxanalar bolsa derlik bolmag`an. Ma`mleketlik unitar ka`rxanalarda bolsa aktivleri 1 mlrd.sumnan artıq bolg`an ka`rxanlar yag`nıy 2 ka`rxana, 10 mlrd.sumnan 50 mlrd.sumg`a iye bolg`an ka`rxana bolmag`an, 50 mlrd.sumnan artıqg`ı bolsa 1 ka`rxananı quraydı. Qospa ka`rxanada bolsa aktivleri 1 mlrd.sumnan artıq bolg`an ka`rxanlar yag`nıy 2 ka`rxana, 20 mlrd.sumnan 50 mlrd.sumg`a deyingi ha`m 50 mlrd.sumnan artıqg`ına iye bolg`an ka`rxanalar bolsa derlik bolmag`an. Ulıwma ma`mleketlik mu`lk komiteti boyınsha 25 ka`rxana bolıp, sonın` ishinde engizilgen 22 ka`rxana, engizilmegeni 3 ka`rxananı quraydı.

Ka`rxanalardı menshiklestiriw da`sturinin` orınlanıwı aktsionerlik ja`miyetlerdi korporativ basqarıwdı jetilistiriw maxsetinde Qaraqalpaqstan Respublikası Ma`mleketlik mu`lk komiteti ta`repinen 2012 jıldın` juwmaqları boyınsha Respublikada 55 ka`rxana ma`mleketlik u`lesine iye bolg`an xojalıq ja`miyetleri ma`mleketlik dizimge alıng`an, olardan 17 aktsionerlik ja`miyetler ha`m 38 juwapkershiligi sheklengen ja`miyetler bolıp tabıladı. Bul ko`rsetkish boyınsha to`mendegi №3-kesteden ko`riwin`izge boladı.

3-keste

**2012 jıl Qaraqalpaqstan Respublikası Ma`mleketlik mu`lk komitetindegi ma`mleket u`lesine iye bolg`an xojalıq ja`miyetleri haqqındag`ı MAG`LIWMATI**

**(mln.sum)**

| T/r | Ka`rxanalar | Ma`mleketlik u`lesi (protsent) | Islep shıg`arılg`an o`nimler ko`lemi | | Taza payda | | Debitorlıq qarızlar | | Kreditorlıq qarızlar | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | 01.12.2011 | 01.12.2012 | 01.12.2011 | 01.12.2012 | 01.12.2011 | 01.12.2012 | 01.12.2011 | 01.12.2012 |
| | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 |
| | **1. Aktsionerlik ja`miyetler** | | | | | | | | | |
| 1 | Shımbay may | 90,2 | 2491,0 | 985,4 | 116,0 | 55,7 | 275,4 | 361,2 | 382,7 | 506,1 |
| 2 | Eggar | 54,1 | 3362,8 | 4102,0 | 89,5 | 23,9 | 353,3 | 808,3 | 504,1 | 1222,1 |
| 3 | Turan Xojeli | 51,0 | 2825,2 | 3876,0 | 251,6 | 38,6 | 349,90 | 1018,1 | 596,0 | 734,0 |
| 4 | Qaraqalpaqgo`sh-sut sawda | 25,0 | 9050,0 | 6815,4 | 49,3 | 65,5 | 510,0 | 260,3 | 307,0 | 163,3 |
| 5 | Qaraqalpaqpaxtasanaat | 98,0 | 760,4 | 377,1 | 141,3 | 65,1 | 32,5 | 2,3 | 24,5 | 15,3 |
| 6 | No`kis ATP-19 | 25,0 | 107,5 | 11,3 | 0,108 | 0,250 | 84,3 | 80,2 | 42,2 | 12,7 |
| 7 | MTP Birlespesi | 99,7 | 98,3 | 480,7 | 0,708 | 2,5 | 1481,7 | 903,5 | 725,6 | 687,3 |
| 8 | Kommunallık ıssılık orayı | 99,0 | 1061,8 | 819,5 | 0,09 | 0 | 604,9 | 924,9 | 756,8 | 1462,9 |
| 9 | Qon`ırat un zavodı | 5,79 | 3650,0 | 4477,0 | 43,7 | 44,2 | 4606,5 | 6615,9 | 2626,9 | 4867,3 |
| 10 | Taxiatash da`no`nimleri | 1,31 | 10664,0 | 14916,6 | 1,8 | 8,8 | 2018,7 | 1295,3 | 5784,1 | 1310,2 |

| | | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 11 | Qq da`no`nimleri | 2,17 | 8889,0 | 4704,8 | 18,6 | 4,8 | 3812,2 | 2640,4 | 9570,9 | 10807,7 |
| 12 | Beruni GAO MTP | 2,8 | 222,3 | 217,4 | 0,087 | 1,9 | 624,3 | 788,0 | 641,5 | 733,9 |
| 13 | Qanlıko`l GAO MTP | 28,9 | 194,1 | 254,9 | 3,9 | 4,0 | 613,7 | 571,2 | 437,2 | 873,7 |
| 14 | Qaraqalpaqelektrtar maqları | 46,8 | 34546,6 | 34461,7 | 2913,0 | 4328,7 | 34028,0 | 53572,6 | 42062,0 | 41946,0 |
| 15 | Taxiatash TES | 47,9 | 58323,7 | 74978,3 | 5410,9 | 2304,5 | 75269,9 | 87427,3 | 98081,2 | 121999,1 |
| 16 | No`kis diyxan bazarı | 51,0 | 486,2 | 716,3 | 13,8 | 30,9 | 15,0 | 211,1 | 964,6 | 580,0 |
| 17 | No`kis aydın jol bazar (bezdeystvuet) | 51,0 | 0 | 0 | 0,034 | 0 | 0 | 0 | 0 | 0 |
| | **Ja`mi** | | **136733,0** | **152194,0** | **9054,4** | **6979,4** | **124680,0** | **157481,0** | **163507,0** | **187922,0** |

| **2. Juwapkershiligi sheklengen ja`miyet** | | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | To`rtkulda`no`nimleri | 10,2 | 1085,3 | 1631,0 | 12,2 | 31,5 | 948,5 | 4049,5 | 1584,1 | 2265,6 |
| 2 | Shımbay da`n | 4,0 | 2337,8 | 2182,5 | 0,206 | 0 | 4106,3 | 6177,6 | 1154,5 | 2863,1 |
| 3 | Qanlıkul` kommunal xızmet | 50,0 | 5,5 | 3,0 | 0,200 | 0,615 | 2,1 | 30,0 | 1,1 | 1,8 |
| 4 | Qon`ırat kommunal xızmet | 25,0 | 2,1 | 0 | 0,002 | 0 | 0,860 | 0 | 0,640 | 0 |
| 5 | Shomanay kommunal xızmet | 50,0 | 11,8 | 4,2 | 0,350 | 0 | 0,382 | 2,0 | 0,280 | 0,600 |
| 6 | Taxiatash kommunal xızmet | 25,0 | 2,2 | 4,7 | 0,020 | 25,4 | 0,420 | 2,8 | 0,3 | 2,0 |
| 7 | Mangit kommunal xızmet | 25,0 | 2,6 | 0 | 0,300 | 0 | 1,2 | 0 | 0,98 | 0 |
| 8 | Qarao`zek kommunal xızmet | 25,0 | 0 | 0 | 0 | 0 | 0 | 0 | 0 | 0 |

| | | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 9 | Xojeli kommunal xızmet | 25,0 | 0,728 | 2,2 | 0 | 0 | 5,9 | 5,3 | 3,8 | 2,6 |
| 10 | Xalkabad kommunal xızmet | 25,0 | 1,2 | 0,800 | 0,200 | 0,08 | 0 | 0,399 | 0,237 | 0,574 |
| 11 | Taxiatash ıssılık tarmagı | 99,0 | 104,9 | 147,6 | 0,600 | 0,750 | 66,2 | 92,6 | 32,2 | 57,7 |
| 12 | Shımbay ATP-40 | 25,0 | 33,1 | 19,0 | 0,691 | 0,525 | 73,1 | 79,5 | 71,0 | 49,5 |
| 13 | Nokis arka avtovokzal | 25,0 | 21,8 | 20,8 | 0,200 | 0,240 | 4,7 | 5,5 | 1,9 | 3,4 |
| 14 | Man`g`ıt pille | 25,0 | 275,4 | 366,7 | 0,450 | 0,700 | 11,4 | 71,1 | 188,4 | 180 |
| 15 | No`kis kinovideo | 25,0 | 4,2 | 3,9 | 0,003 | 0,001 | 0,112 | 0,027 | 0,020 | 0,350 |
| 16 | Ellikqala diyxan bazarı | 51,0 | 19,3 | 52,1 | 0,520 | 2,6 | 0 | 7,6 | 0 | 4,5 |
| 17 | Kegeyli diyxan bazar sliyanie s "Kazanketken diyxan bazar" | 51,0 | 20,8 | 37,9 | 0,6 | 2,1 | 0,150 | 18,2 | 4,0 | 14,2 |
| 18 | Shomanay diyxan bazar | 51,0 | 8,7 | 12,5 | 0,150 | 1,3 | 0 | 0,150 | 0,655 | 1,2 |
| 19 | Qarao`zek diyxan bazarı | 51,0 | 22,1 | 30,1 | 0,600 | 0,949 | 0,550 | 6,4 | 4,0 | 8,8 |
| 20 | Xalqabad diyxan bazarı | 51,0 | 12,9 | 18,3 | 0,300 | 0,314 | 1,1 | 7,2 | 10,0 | 17,9 |
| 21 | Qan`lıko`l diyxan bazarı | 92,4 | 12,2 | 14,3 | 0,200 | 0,402 | 5,8 | 6,1 | 6,0 | 6,1 |
| 22 | Man`g`ıt diyxan bazarı | 51,0 | 63,0 | 59,6 | 3,3 | 10,2 | 0 | 44,4 | 16,0 | 29,0 |
| 23 | Qon`ırat buyım bazar | 51,0 | 161,3 | 208,6 | 1,2 | 0,136 | 20,0 | 21,1 | 32,0 | 42,5 |
| 24 | Shabbaz | 51,0 | 57,3 | 105,6 | 1,2 | 2,2 | 0 | 0 | 0,800 | 4,9 |
| 25 | To`rtkul buyım bazarı | 51,0 | 98,1 | 175,3 | 5,0 | 11,3 | 0,250 | 15,5 | 0,300 | 24,8 |
| 26 | Shımbay diyxanbazarı | 51,0 | 77,0 | 120,9 | 2,850 | 8,9 | 0 | 4,1 | 1,9 | 8,5 |
| 28 | Shımbay sharwa bazarı | 51,0 | 15,7 | 22,5 | 2,3 | 2,5 | 0 | 0 | 0 | 5,0 |
| 29 | Akmang`it diyxan bazarı | 51,0 | 11,1 | 15,9 | 0,340 | 0,800 | 0 | 5,6 | 0 | 12,7 |

| | | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 30 | Takıyatas diyxan bazarı | 51,0 | 48,7 | 76,1 | 1,2 | 1,4 | 0,950 | 13,3 | 3,5 | 9,8 |
| 31 | Xojeli diyxan bazar | 51,0 | 235,2 | 380,2 | 16,3 | 61,4 | 44,0 | 0,51 | 6,0 | 98,4 |
| 32 | Xojeli avtomobil` ha`m awısıq boleklerdi satıw bazarı | 51,0 | 0 | 0 | 0,8 | 0 | 0 | 0 | 0 | 0 |
| 33 | To`rtkul mal-sharwa bazarı | 51,0 | 0 | 48,8 | 0 | 8,3 | 0 | 8,9 | 0 | 2,3 |
| 34 | Mang`ıt buyım bazarı | 51,0 | 30,6 | 88,1 | 2,5 | 9,2 | 0,275 | 28,7 | 4,1 | 53,6 |
| 35 | Mang`ıt sharwa bazarı | 51,0 | 0 | 44,1 | 0 | 5,3 | 0 | 6,5 | 0 | 3,5 |
| 36 | Qarao`zek sharwa bazarı | 51,0 | 0 | 16,5 | 0 | 0,060 | 0 | 4,0 | 0 | 4,3 |
| 37 | Qanlıko`l sharwa bazarı | 51,0 | 0 | 12,3 | 0 | 0,672 | 0 | 3,4 | 0 | 2,1 |
| 38 | To`rtkul el rısqı bazarı | 51,0 | 0 | 122,7 | 0 | 0,700 | 0 | 197,0 | 0 | 24,7 |
| | **Ja`mi** | | **4814,0** | **6097,9** | **57,0** | **191,3** | **5294,0** | **10922,0** | **3131,0** | **5836,9** |

Joqarıdag`ı kestede ko`rip turg`anın`ızday Qaraqalpaqstan Respublikası Ma`mleketlik mu`lk komiteti ta`repinen 2012 jıl juwmaqları boyınsha 17 aktsionerlik ja`miyetlerdin` islep shıg`arılg`an o`nimler ko`lemi 152194,0 mln.sum bolıp, onnan 6979,4 mln.sumlıq taza payda ko`rgen. Debitorlıq karız boyınsha 157461,0 mln.sum bolıp, Kreditorlıq qarız bolsa 187922,0 mln.sumdı qurag`an. Juwapkershiligi sheklengen ja`miyetler boyınsha 38 ka`rxana bolıp, olardın` islep shıg`arg`an o`nimler ko`lemi 6097,9 mln.sum bolıp, 191,3 mln.sumlıq taza payda ko`rgen. Debitorlıq qarızı bolsa 10922,0 mln.sum , kreditorlıq qarızı bolsa 5836,9 mln.sumdı qurag`an.

Bazar infrastruktursın engiziw ha`m ma`mleketlik mu`lkti menshiklestiriw boyınsha **"O`zbekiston Respublikasi Prezidentining 2007 yil 20 iyuldagi «2007-2010 yillarda xususiylashtirish jarayonlarini yanada chuqurlashtirish va xorijiy investitsiyalarni faol jalb qilish chora-tadbirlar twg`risida»g`ı PK-672-sanlı** qararına muwapıq Qaraqalpaqstan Respublikası Ma`mleketlik mu`lk komieti ta`repinen 79 ta ob`ekt satılıwı rejelestirilgen bolıp, usı kunge shekem 27 ta ma`mleketlik ob`ektleri satılg`an.

2012 jılda “nol`” qunında satılg`an ob`ekt ha`m ka`rxanalar boyınsha investorlar ta`repinen ja`mi 358,0 mln.sumlıq investitsiya juklemeleri kiritiliw belgilengen bolıp, haqıyqatda 433,1 mln.swmlıq investitsiya kiritilgen, yag`nıy belgilengen reje 120,9 protsentke orınlang`an

Usı jılda menshiklestiriwden kelip tusken qarjılar ko`lemi 208,3 mln.sumdı, sonnan ko`shpes mu`lkti satıwdan 17,1 mln.swm, jer maydanların satıwdan 191,2 mln.sumdı qurag`an.

2012 jılda Qaraqalpaqstan Respublikası Ma`mleketlik mu`lk komiteti boyınsha aktsionerlik ja`miyetlerdegi jumısshılar sanı 9,9 mın` kisini quraydı. Sanaat tarawında xızmet ko`rsetip atırg`an aktsionerlik ja`miyetlerdin` islep shıg`arg`an o`nimleri ko`lemi 258165,9 mln.sumdı qurap bunı to`mendegi №3-kesteden ko`riwin`izge boladı.

4-keste

**2012 jıl Qaraqalpaqstan Respublikası Ma`mleketlik mu`lk komiteti boyınsha ekonomikalıq reformalardın` barısı ha`m sotsial-ekonomikalıq rawajlanıwdıo` tiykarg`ı ko`rsetkishleri xaqqında mag`lıwmat**

| № | Ko`rsetkishler | O`lshew birligi | 2011 jıl | 2012 jıl | % esabında |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 | Aktsionerlik ja`miyetler sanı | birlik | 68 | 55 | 80,9 |
| 2 | Aktsionerlik ja`mietde islewshi xızmetkerler sanı | mın` kisi | 11,3 | 9,9 | 87,6 |
| 3 | Aktsionerlik ja`miet sanaat o`nimlerin islep shıg`arıw ko`lemi | mln.sum | 236890,1 | 258165,9 | 104,5 |
| 4 | Menshiklestirilgen ob`ektler ha`m ka`rxanalar sanı | dana | - | 1 | - |

Ha`zirgi ekonomikanı modenizatsiyalaw sha`rayatında respublikamızda kishi biznes ha`m jeke isbilermenlik penen shug`ıllanıwshı ka`rxanalarg`a ayrıqsha itibar qaratılıp, bul protsess jan`a innovatsiyalar, baslamashı-lıqtı talap etip, solardın` tiykarında g`ana (resrulardı u`nemli paydalanıp, sapalı o`nimler islep shıg`arıw jolı menen) ekonomikalıq rawajlanıwdı ta`miyinlew mu`mkin. Bunın` ushın kishi biznes ha`m jeke isbilermenlik xızmeti menen shugıllanıwshı ka`rxana basshıları ilim ha`m texnikada erisilgen en` son`g`ı innovatsiyalardı o`ndiris protsessine engiziwgeayrıqsha itibar qaratıwları lazım.

Ra`smiy statistikalıq mag`lıwmatlarda ko`rsetiliwinshe, ma`mleketimiz-de kishi biznes ha`m jeke isbilermenlik sub`ektlerinin` xalıq ba`ntlili-gindegi u`lesi 2000-jılda 49,7 protsentti qurag`an bolsa, 2012-jılg`a kelip bul ko`rsetkish 74,3 protsentti qurag`an.

Karaqalpaqstan respublikasında da kishi biznestin` ekonomikasındag`ı roli jıldan-jılg`a artıp barmaqta. Bunı kishi biznestin` jalpı aymaqlıq o`nimdegi ha`m ekonomika tarawları boyınsha u`lesinde ko`riwimizge boladı. (№5-kestege qaran`).

Keste mag`lıwmatlarınan ko`rinip turg`anınday 2012-jıldın` juwmaqları boyınsha respublika jalpı aymaqlıq o`nimde kishi biznestin` u`lesi 63,6 protsentti qurag`an. Bul ko`rsetkish awıl xojalıq jalpı o`niminde 95,1 protsentti, jolawshı tasıw tarawında 89,6 protsentti, qurılıs jumıslarında 64,8 protsentti, sanaat tarawında 23,0 protsentti qurag`an. Kestede bul ko`rsetkishler respublikanın` ha`r bir qala ha`m rayonları boyınsha o`z aldına keltirilgen.

5-keste.

**Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha ekonomika tarawlarında kishi biznestin` u`lesi , % esabında**

**(2013-jıl 1-yanvar` jag`dayına)**

| | **Qala ha`m rayonlar atı** | Jalpı aymaqlıq o`nim | Sanaat o`nimle-ri | Awıl xojalıq jalpı o`nimi | Qurılıs jumısları | Usaqlap satıw sawda aylanısı | Xalıqqa pullı xızmet ko`rsetiw | Ja`mi xızmetler | Ju`k tasıw | Jolawshı tasıw |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | **Respublika boyınsha** | **64,4** | **23,0** | **95,1** | **64,8** | **45,2** | **44,2** | **51,3** | **48,6** | **89,6** |
| 1. | A`miwda`r`ya rayonı | - | 19,3 | 96,7 | 78,2 | 34,1 | 40,2 | 54,8 | 65,9 | 99,1 |
| 2. | Beruniy rayonı | - | 30,2 | 93,2 | 83,6 | 67,1 | 32,4 | 51,7 | 87 | 97,0 |
| 3. | Qanlıko`l rayonı | - | 96,9 | 99,1 | 94,3 | 36,2 | 30,0 | 38,8 | 21,6 | 87,9 |
| 4. | Qarao`zek rayonı | - | 93,1 | 93,7 | 92,4 | 22,2 | 28,2 | 54,2 | 29,4 | 87,8 |
| 5. | Kegeyli rayonı | - | 6,7 | 93,1 | 98 | 42,5 | 23,2 | 45,0 | 46,1 | 97,3 |
| 6. | Qon`ırat rayonı | - | 34,2 | 92,7 | 22,9 | 46,8 | 33,6 | 30,4 | 54,3 | 84,1 |
| 7. | Moynaq rayonı | - | 0,3 | 91,9 | 98,0 | 40,9 | 44,7 | 23,2 | 43,5 | 70,5 |
| 8. | No`kis rayonı | - | 84,6 | 93,4 | 94,2 | 70,9 | 26,4 | 36,8 | 49,9 | 88,7 |
| 9. | Taxtako`pir rayonı | - | 63,4 | 92,1 | 97,4 | 17,3 | 34,1 | 60,7 | 69,9 | 72,5 |
| 10. | To`rtku`l rayonı | - | 18,1 | 96,2 | 91,0 | 30 | 26 | 51,8 | 41,5 | 73,6 |
| 11. | Xojeyli rayonı | - | 24,5 | 96,7 | 85,3 | 48,8 | 40,4 | 60,3 | 77,6 | 96,8 |
| 12. | Shımbay rayonı | - | 57,2 | 95,8 | 87,5 | 42,8 | 29,5 | 38,4 | 38 | 93,0 |
| 13. | Shomanay rayonı | - | 76,2 | 100,0 | 90,0 | 48,9 | 26,3 | 48,4 | 22 | 84,4 |
| 14. | Ellikqala rayonı | - | 11,0 | 96,8 | 96,5 | 45,3 | 25,0 | 47,4 | 85,7 | 99,8 |
| 15. | No`kis qalası | - | 32,9 | 100,0 | 78,7 | 45,7 | 55 | 56,8 | 45,6 | 89,5 |

Respublikamızda jeke sektordı ken`eyittiriw, kishi biznes ha`m jeke isbilermenlikti rawajlandırıw barısındada bir qansha jumıslar a`melge asırılmaqta. Ma`mleketimiz ekonomikasın rawajlandırıwda turli tarawlarda xızmet ko`rsetip atırg`an kishi biznes ha`m jeke isbilermenliktin` ulesi boyınsha tomendegi №6-kesteden ko`riwin`izge boladı.

6-keste

**Ekonomika tarawları boyınsha tovar (jumıslar, xızmetler) ko`leminde kishi biznes ha`m isbilermenliktin` u`lesi (protsent esabında)**

| **Tarawlar** | **Ja`mi** | **Kishi isbilermenliktin` ulıwma islep shıg`arıwdag`ı ko`lemi** | | |
|---|---|---|---|---|
| | | **2000** | **2006** | **2012** |
| Sanaat | 100 | 11,3 | 9,8 | 14,1 |
| Awıl xojalıg`ı | 100 | 72,4 | 84,7 | 93,6 |
| Qurılıs | 100 | 36,8 | 49,4 | 54,8 |
| Sawda | 100 | 45,9 | 44,0 | 42,6 |
| Pullı xızmet | 100 | 37,9 | 52,0 | 71,0 |

Ulıwma sanaat o`nimin islep shıg`arıwda keleshekte o`zgerisler sanaat tarawına bolg`an talap na`tiyjesinde ju`zege keledi, sonday aq awıl xojalıg`ı o`nimlerin qayta islewshi kishi ka`rxanalardın` rawajlanıw esabınan bul taraw na`tiyjesi 93,6 protsentke jetedi. Sawda aylanısının` tolıq muwapıqlasıwı na`tiyjesinde bul tarawda ko`rsetkish u`lesi pa`seyiwi ju`zege keledi.

Aymaqlardın` mashina sog`ıw ha`m metalg`a islew beriw, jen`il sanaat, a`sirese, trikotaj, tigiwshilik buyımları tayar o`nim islep shıg`arıwg`a arnalg`an

tarawlarda kishi biznestin` ornı ha`m u`lesi jeterli da`rejede emes. Bizge ma`lim barlıq tarawda islep shıg`arıw aktivligi ten`lesse unamlı na`tiyjelerge erisemiz.

Respublikamızda kishi ka`rxanalar ta`repinen tayar o`nimler islep shıg`arıwdın` o`siwin jaratılg`an imkaniyatlardan aktiv da`rejede paydalanıw esabınan ta`miynlew mu`mkin. Bizin` esaplarımızg`a qarag`anda 2015 jılg`a barıp respublika boyınsha kishi biznestin` islep shıg`arılg`an JIO` ko`lemindegi u`lesin 66,5 protsentke jetkeriw kishi isbilermenlik ka`rxanalarının` jıllıq tovar islep shıg`arıwının` o`simi 2,5 protsentten kem bolmag`an jag`dayda g`ana a`melge asadı.

Bunın` ushın aymaqlardag`ı kishi isbilernmenlik ka`rxanalarının` respublika boyınsha islep shıg`arılg`an JIO` degi u`lesi keleshekte to`mendegi jag`dayda o`sip barıwına erisiw za`ru`r (inertsion ta`rizde). (№7-kestege qaran`)

7-keste

**Respublika JIO` de aymaqlardag`ı kishi ka`rxanalardın` jalpı aymaqlıq o`nimdegi u`lesinin` o`sip barıwı.**

| Respublika aymaqları | 2000 j | 2005 j | 2010 j | 2015 j | 2015 jıl 2005 jılg`a salıstırg`anda protsent esabında |
|---|---|---|---|---|---|
| O`zbekstan Respublikası | 31,0 | 38,2 | 52,1 | 66,1 | 173,0 |
| Qaraqalpaqstan Respublikası | 26,9 | 48,9 | 57,9 | 66,9 | 136,8 |
| Wa`layatlar | | | | | |
| Andijan | 32,9 | 38,7 | 49,9 | 61,1 | 157,8 |
| Buxara | 33,0 | 44,4 | 51,1 | 57,8 | 130,1 |
| Jizzax | 37,1 | 64,4 | 73,0 | 79,8 | 123,9 |
| Qashqadarya | 25,8 | 38,4 | 45,8 | 58,4 | 152,0 |
| Nawayı | 21,5 | 20,9 | 33,5 | 46,1 | 220,0 |
| Namangan | 33,4 | 51,4 | 75,4 | 81,4 | 158,3 |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Samarqand | 44,3 | 54,5 | 68,3 | 78,9 | 144,7 |
| Surxondarya | 39,1 | 45,9 | 64,8 | 81,7 | 177,9 |
| Sirdarya | 38,9 | 58,8 | 72,5 | 80,6 | 137,0 |
| Tashkent | 34,0 | 36,3 | 45,6 | 54,9 | 151,2 |
| Ferg`ana | 32,0 | 43,9 | 64,7 | 82,3 | 187,4 |
| Xorezm | 34,2 | 54,2 | 78,3 | 81,9 | 151,1 |
| Tashkent q. | 41,5 | 54,3 | 70,2 | 79,1 | 145,6 |

A`lbette bul ko`rsetkish rawajlang`an ma`mleketler da`rejesinde emes. AQSh ta 75-82 protsentti, Yaponiyada 81 protsentti, Italiyada 74 protsentti quraydı. Respublikamız kishi biznesinin` bunday ko`rsetkishlerge erisiwi isbilermenlik aktivlgi arqalı a`melge asadı. Sebebi 2000-2005 jıllar aralıg`ında o`siw da`rejesi (1,4 protsent) go`zlengen na`tiyjege (50-52 protsent) erisiwdi ta`miynley almaydı.

Aymaqlar boyınsha tovar islep shıg`arıw ko`leminin` keleshekte o`sip barıw dinamikasın ka`rxanalar sanının` o`sip barıw jag`dayı boyınsha analizlesek, bul jag`day qosımsha jan`a kishi ka`rxanalardın` sho`lkemlestiriliwi esabınan a`melge asadı.

Jaratılg`an imkaniyatlardan na`tiyjeli paydalang`an aymaqlarda jalpı aymaqlıq o`nimnin` joqarı pa`tte o`siwi ta`miyinlenedi. Solardan kishi ka`rxanalardın` islep shıg`arıw na`tiyjeligin arttırıw esabınan keleshekte go`zlengen na`tiyjelerge erisiw ta`miyinlenedi.

Keleshekte ku`tiletug`ın na`tiyjeler tiykarınan kishi isbilermenliktin` aktiv rawajlanıwı esabınan ju`z beredi. Bul bolsa olar ta`repinen islep shıg`arılatug`ın tovar mug`darının` o`siw dinamikasın Respublika aymaqlar boyınsha kishi ka`rxanalar ta`repinen islep shıg`ılatug`ın o`nimnin` o`siw dinamikasın to`mendegi №7-kestede ko`riwin`izge boladı.

8-keste

**Keleshekte aymaqlar boyınsha kishi isbilermenlik ka`rxanaları ta`repinen o`nim islep shıg`arıwdın` o`siwi. (mln.swm.esabında).**

| Aymaqlar | 2000 j | 2005 j | 2010 j | 2015 j | 2015 jıl 2005 jılg`a salıstırg`anda o`siw % |
|---|---|---|---|---|---|
| O`zbekstan Respublikası | 892573,0 | 956838,2 | 1089938,7 | 1223039,2 | 127,8 |
| Qaraqalpaqstan Respublikası | 18786,6 | 22919,6 | 24982,3 | 27045 | 117,9 |
| Wa`layatlar | | | | | |
| Andijan | 70178,8 | 74249,1 | 82564,9 | 90880,7 | 122,3 |
| Buxara | 46619,4 | 51934,0 | 55413,5 | 58893,1 | 113,3 |
| Jizzax | 31281,6 | 39821,3 | 43245,9 | 46670,5 | 117,1 |
| Qashqadar`ya | 61485,8 | 69233,0 | 74356,2 | 79479,4 | 114,7 |
| Namangan | 50919,4 | 60084,8 | 74505,1 | 88925,4 | 147,9 |
| Samarqand | 67851,2 | 74772,0 | 85090,5 | 95409,0 | 127,5 |
| Surxandar`ya | 82241,4 | 87833,5 | 104434,0 | 121034,5 | 137,7 |
| Sırdar`ya | 34155,4 | 40952,3 | 46562,7 | 52173,1 | 127,3 |
| Tashkent | 110782,4 | 112665,7 | 123143,6 | 133621,5 | 118,5 |
| Ferg`ana | 104838,6 | 117314,3 | 141715,6 | 166116,9 | 141,5 |
| Xorezm | 36708,7 | 44050,4 | 54666,5 | 65282,6 | 148,1 |
| Tashkent q. | 219770,8 | 247901,4 | 287813,5 | 327426,6 | 132,1 |
| Nawayı | 24940,4 | 25065,1 | 29100,5 | 33135,9 | 131,1 |

## III–Bap. Respublikamızda mu`lkshiliktin` ha`r qıylı formaların rawajlandırıw jolları

### 3.1. Ma`mleketlik mu`lkti ijarag`a beriw xızmetin rawajlandırıw strategiyası

Ma`mleketlik mu`lkti baskarıw ekonomikanı ta`rtibke salıw jolındag`ı en` baslı qurallardın` biri bolıp tabıladı. A`sirese ma`mlekettin` mu`lkke bolg`an xuquqı ma`mleket ekonomikasına tikkeley yamasa qosımsha ta`sir ko`rsetiw imkaniyatın jaratadı.

O`zbekistanda alıp barılıp atırg`an ekonomikalıq reformalardın` basında ma`mlekettin` turıwı og`an tiyisli bolg`an mu`lklerden na`tiyjeli paydalanıw ilajların ko`rip shıg`ıwdı ko`rsetedi. Usı ilajlardı a`melge asırıw g`a`rezsizliktin` da`slepki jıllarınan baslap en` baslı bag`dar ekenligin ko`rsetti. Prezidentimiz I.A.Karimovtın` aytıp o`tkenindey «Ekonomikalıq reformalardın` negizgi maqseti ha`m ma`nisi – mu`lkti o`z iyesine tapsırıw ha`m isbilermenlikti ha`r ta`repleme qollap-quwatlaw» bolıp tabıladı.

Ha`zirgi jag`dayda shet el ta`jriybelerinen unemli paydalang`an jag`dayda ma`mleket mu`lkin basqarıw na`tiyjeligin asırıw imkaniyatın beriwshi a`meliy-usıllardı a`melge asırıw za`rur. Ma`mleket mu`lkti ijarag`a beriw xızmetin rawajlandırıw strategiyasın ilimiy jaqtan tiykarlang`an halda islep shıg`ıw sol bag`darda a`melge asırılıwı za`rur bolg`an ilajlardın` biri bolıp esaplanadı.

Strategiya ka`rxananı na`tiyjeli basqarıwda bizneske baylanıslı bolg`an juda` ko`p ba`sekige shıdamlı xa`reketler ha`m qolay lı jollardı anıqlap alıw za`rurligin o`z ishine aladı. Ulıwmalıq ma`niste strategiya – bul ka`rxananın` bazardag`ı ornın bekkemlewge, tutınıwshılardın` talapların qanatlandırıwg`a ha`m o`z aldına qoyg`an maqsetlerine erisiwge qaratılg`an rejeli basqarıw bolıp tabıladı. Ka`rxananı rawajlandırıw – bul jetilisken strategiyanı tolıq a`melge

asırıw. Strategiyanı a`melge asırıw menejmenttin` tiykarg`ı wazıypalarınan biri bolıp esaplanadı. Ka`rxana strategiyasın duziw ha`m a`melge asırıwda menejmenttin` wazıypası to`mendegi o`z ara tıg`ız baylanısqan quramalı bo`limlerden ibarat:

- rawajlanıwdın` uzaq muddetli maqseti ha`m keleshegini belgilew;
- ka`rxananın` ulıwmalıq maqsetleri xızmetinin anıq bag`darlarg`a boysındırıw ;
- na`zerde tutılg`an ko`rsetkishlerge erisiw ushın tan`lang`an reje-da`sturdi epshillik penen a`melge asırıw;
- tan`lang`an strategiyanı na`tiyjeli a`melge asırıw ilajların ko`riw;

Ha`r qanday ka`rxananın` strategiyasın anıqlaw ushın ka`rxananın` ishki jag`dayı ha`m onın` xızmetine ta`sir etiwshi sırtqı faktorlar uyreniliwi lazım.

Strategiyanı islep shıg`ıw ushın menshikliktin` formasına qaramasdan ka`rxanalarda islewshiler isbilermenlik qa`bileti ha`m pikirlewdin` strategik ta`rizine iye bolıwı za`rur. Strategiyanı islep shıg`ıw sheberligi ka`rxana basqarıwshılarının` isbilermenlik qa`biletine baylanıslı.

Ka`rxana strategiyasına o`zgerisler kirgiziw normadag`ı a`piwayı jag`day bolıp esaplanadı. Gey bir waqıtlarda strategiyag`a o`zgerisler kirgiziw za`rur bolıp qaladı. Stategiyanı qanday etip jaqsılıw mu`mkin, degen sawaldı ha`mme waqıtda menejer yaddan shıg`armawı lazım, sebebi strategiyanı islep shıg`ıw o`zgermeli protsess.

Ka`rxananın` strategiyalıq xızmeti na`tiyjesinde payda bolatug`ın bir qatar sorawlar juwaplardan ibarat boladı, bul sorawlar to`mendegilerden turadı:

- jumıstı qanday etip rawajlandırıw kerek ?

- klientlerdi qanday etip qanatlandırıw kerek?
- qarsılaslardan qalayınsha ozıp ketiw mu`mkin?
- o`zgerip turıwshı bazardın` jag`daylarına kalay etip juwap beriw lazım?
- Ka`rxananın` ayrım funktsional bo`limlerin kalay basqarıw kerek?
- Finanslıq ha`m strategik maqsetlerge kalay etip erisiw mu`mkin?

Strategiyanı ko`re biliw, onın` missiyasın islep shıg`ıw, maqsetlerin anıqlaw ha`m strategiyanı tan`law – bul kompaniyanın` rawajlanıw bag`darın belgilewdegi tiykarg`ı wazıypa bolıp esaplanadı. Keshiktirilip duzilgen strategik da`stur yamasa o`z waqtında kirgizilmegen o`zgerisler hesh qanday na`tiyje bermeydi.

Ka`rxana rawajlanıw strategiyasın anıqlawg`a ko`plegen faktorlar ta`sir ko`rsetedi. Bul faktorlardın` o`zara ta`siri ha`r tarawda o`zine ta`n qa`siyetlerge iye bolıp, waqıt dawamında o`zgerip turadı. Strategiyanı belgilewshi faktorlar ha`mme waqıtta bir birinen ajıralıp turadı. Ka`rxana ha`mme waqıtta o`zi qa`legenindey rawajlanıw strategiyasın tan`lay almaydı. Onın` ha`reketleri nızam, ma`mleket siyasatı, sotsiallıq ta`rtipke salıw ha`m ja`miyettegi ornı menen shegaralanadı. Strategiyanı sotsiallıq talaplarg`a maslastırıw mexanizmi to`mendegi sxemada ko`rsetilgen.

1-sızılma. Ka`rxana strategiyasın sotsiallıq talaplarg`a maslastırıw mexanizmi



Sonı ayrıqsha aytıw lazım, strategiya ja`rdeminde ba`seki gu`resinde qa`nshelli ulken jetiskenshilikke erisilse, strategiya sonshelli kushli ha`m na`tiyjeli boladı.

Demek, alıp barılıp atırg`an izleniwler na`tiyjesinde ma`mleketlik mu`lkti ijarag`a beriw xızmetin rawajlandırıw strategiyası da`stu`rin ush bo`limnen ibarat ko`riniste beriw mu`mkin: birinshi bo`lim strategiyalıq analiz na`tiyjelerin o`z ishine alıwshı, ekinshi bo`lim strategiyalıq tan`lawlar tiykarında islep shıg`ılg`an, ushinshi bo`lim strategiyalıq da`sturdi a`melge asırıwdag`ı usınıslardan ibarat.

Ma`mleketimizde a`melge asırılıp atırg`an ekonomikalıq reformalar na`tiyjesinde burıng`ı sotsializm da`uirinen miyras bolıp qalg`an, ma`mleketlik mu`lkshilikke tiykarlang`an xojalıq jurgiziw sisteması putkilley reformalanıp, na`tiyjeli menshiklestiriw protsessi a`melge asırılg`anlıg`ı sebepli ekonomikada ma`mleketlik mu`lk juda` az saqlanıp qalındı. Sol ob`ektlerden na`tiyjeli paydalanıw za`rurligi bugingi kunge kelip o`zinin` en` baslı ekenligin ko`rsetipma`mleketlik mu`lkti ijarag`a beriw orayı sho`lkemlestirildi.

Respublikamızda jeke biznes sub`ektleri ta`repinen jan`a binalardın` paydalanıwg`a tapsırılıp atırg`anlıg`ı ha`m bunın` aqıbetinde administrativlik binalardı ijarag`a beriw oraydın` abırayının` to`menlep barıwı itimallıg`ının` aldın alıw ilajları oraydın` strategiyalıq rawajlanıw da`sturinde o`z sa`wlesin tabıw mu`mkin. Bunda oray ustavında belgilep qoyılg`an ma`mleketlik mu`lk bolıp esaplanbaytug`ın kommertsiyalıq ka`rxanalar mu`lkin ijarag`a beriw xızmeti menen de shug`ıllanıwı za`rur.

Ha`r qanday ka`rxana o`zinin` rawajlanıw strategiyasın tan`lawda birinshi na`wbette joqarıda keltirilgen analizlerdi a`melge asırar eken. Analiz na`tiyjelerine ha`m onnan alıng`an juwmaqlarg`a

swyenip to`mendegi keltirilgen strategiyalardın` birin tan`lawdı usınıs etedi:

Birinshi strategiya – mu`lkti ijarag`a beriwi na`tiyjesinde iyelegen abırayın saqlap qalıw, basqa o`zine qarama qarsı qatnasıwshılardın` xa`reketleniwine jol qoymawı. Bul strategiya «depressiya keseli» dep atalıp, og`an tek keleshegi haqqında qayg`urmaytug`ın ka`rxanalar duwshaker boladı. Bul turdegi strategiyanı tan`law orayda jan`alıqqa umtılıw ha`m baslamanın` bolmawına alıp keledi.

Ekinshi strategiya - orayda ma`mleket ka`rxanalarında inventarizatsiyanı o`tkeriw arqalı mu`lkti ijarag`a beriw iyelep turılg`an u`lesin ko`beytiw. Bul strategiyag`a a`mel qılıw ma`mleket o`z esabındag`ı mal-mu`lkin ha`m onnan na`tiyjeli paydalanıw ilajların ko`riw imkaniyatın beredi.

U`shinshi strategiya – o`nim diversifikatsiyasına tiykarlang`an strategiyanı qollaw. Jeke biznes sub`ektlerinin` mulkin ijarag`a beriw protsessinde da`lda`lshılıq rolin atqarıw. Usı strategiya ekinshi strategiya menen birgelikte a`melge asırılsa jaqsı na`tiyjelerge erisiw mu`mkin.

To`rtinshi strategiya – diversifikatsiya xızmetine tiykarlang`an strategiyanı kollaw. Ma`mleketlik mu`lkti ijarag`a beriw orayı mu`lkin ijarag`a beriw xızmetinen basqa xızmet turleri menen de shug`ıllanıwı mu`mkinliginin` bar ekenligi usı strategiyada na`zerde tutılg`an.

Ijarag`a alıng`an mu`lkten paydalanıw da`rejesi haqqındag`ı tolıq mag`lıwmat tek g`ana neshe protsentten berilip atırg`anlıg`ı mu`lkten paydalınıw muddeti, ba`lkim mu`lkten paydalanıwdın` tsikllıg`ı, ne ushın mu`lkten paydalanılmay atırg`anlıg`ı ha`m tolıq paydalanıw mu`mkin emesligi haqqındaqı da xabardıda o`z ishine alıw kerek.

Ma`mleket mu`lkti inventarizatsiyadan o`tkeriw protsessinin` keyingi basqıshı xabarlar bazasındag`ı ijarag`a beriw mu`mkin bolg`an mal-mu`lkti bahalawdan ibarat. Bul basqıshda ijarag`a beriliwi mu`mkin bolg`an mu`lk og`an bolg`an talap da`rejesine karay ush bo`limge bo`liniwi maqsetke muwapıq: tutınıwshılardın` talabı joqarı, ortasha ha`m to`men bolg`an mu`lk. Talap da`rejesin anıqlaw ma`mleket mu`lkin ijarag`a beriw stavkaların kollawda, olardan maksimal da`rejede na`tiyjeli paydalanıw ushın en` kolayı.

Inventarizatsiya tek g`ana ma`mleket mu`lkin esapqa alıwdı retlestiriw imkaniyatın beredi, ba`lkim ma`mleket qaramag`ındag`ı mu`lkten paydalanıw da`rejesin anıqlaw, ayrım jag`daylarda onnan unamsız maqsetlerde paydalanılıp atırg`anlıg`ın da anıqlawg`a ja`rdem beredi. Bunnan tısqarı bul ilajlar ma`mleket mu`lkin ijarag`a beriwdin` tek g`ana bir jolı oray menen birgelikte jumıs alıp barıw kerek ekenligi haqqındag`ı tusiniktin` qa`liplesiwine alıp keledi.

Ma`mleketlik mu`lkti inventarizatsiyadan o`tkeriw ilajlarının` keyingi basqıshında aktsionerlik kapitalında ma`mlekettin` ulesine tiyisli bolg`an akg`ionerlik ja`mietleri ha`m basqa ja`mietlerdin` mal-mu`lki haqqındag`ı mag`lıwmatlardı jıynaw maqsetke muwapıq bolıp tabıladı. Sebebi ka`rxanalardın` iyeliginde bolg`an mu`lkte ma`mlekettin`de ulesi barlıg`ı olardın` ijarag`a beriliwi bir ta`repten alıp qaralg`anda nızamg`a tiykarlang`anlıg`ın ta`miyinleydi.

Ma`mleketlik mu`lkti ijarag`a beriw orayı xızmetin elede rawajlandırıwg`a ja`rdem beriwshi ushinshi strategiyanı a`melde qollaw ushın en` aldı menen jeke biznes sub`ektlerinin` mal-mu`lkleri haqqındag`ı mag`lıwmatqa iye bolıw za`rur. Onın` ushın oraydın` qasında ayrıqsha marketing bo`limi yamasa topar sho`lkemlestirip,jeke biznes sub`ektleri xızmetin, olardın` ijarag`a beriliwi mu`mkin bolg`an mal-mu`lkleri haqqında marketing izertlewlerin o`tkeriw ha`m izertlew na`tiyjelereine karay usı mu`lkke

talapkerlerdi kıdırıw onın` tiykarg`ı wazıypası etip belgileniwi mu`mkin.

## 3.2 Respublikamızda menshiklestiriw tiykarında kishi biznes ha`m jeke isbilermenlikti rawajlandırıw

O`zbekistanda sotsiallıq bag`darlang`an bazar ekonomikasın qurıwdın` tiykarg`ı maqsetlerinen biri ma`mleketimizde kishi biznes ha`m jeke isbilermenlik formaların rawajlandırıwdan ibarat. Bul maqsetti a`melge asırıw ushın ekonomikalıq reformalar o`tkerildi, onın` rolin arttırıw ushın iri institutsional tiykarlar jaratıldı. O`zbekistanda jeke isbilermenlik ha`m kishi biznes ka`rxanalarının` kompleksin qa`liplestiriw na`tiyjeli a`melge asırılmaqta.

Bizin` respublikamızda kishi ka`rxanalar sanı ha`m olardın` islep shıg`arg`an o`nimler ko`lemi jıldan-jılg`a o`sip barmaqta. Kishi ka`rxanalar O`zbekstan Respublikasının` «Ka`rxanalar haqqında», «Menshik haqqında», «Erkin isbilermenlik xızmetinin` kepillikleri haqqında»g`ı sıyaqlı nızamları, Prezident pa`rmanları, Ministrler Kabinetinin` qararları ha`m basqa normativ hu`jjetler tiykarında sho`lkemlestirilmekte.

Jeke isbilermenlik, kishi biznesti jedel rawajlandırıw tiykarında mu`lk iyeleri klasın qa`liplestiriw, tiyisli institutlar sisteması sho`lkemlestiriw, kishi ha`m jeke isbilermenlik xızmeti tarawına kredit resursların ken` tartıw ha`m shet el kapitalların alıp kiriw ushın qolaylı sharayat jaratıw maqsetinde O`zbekstan Respublikası Prezidentinin` a`hhw jıl h apreldegi «Jeke isbilermenlik, kishi ha`m orta biznesni rawajlandırıwdı ja`nede qollap-quwatlaw ilajları haqqında»g`ı Pa`rmanına o`zgeris ha`m qosımshalar kirgiziw haqqında»g`ı O`zbekstan Respublikası Prezidentinin` 2003 jıl 30 avgustta PF-3305-sanlı Pa`rmanı qabıl etildi. Usı Pa`rmang`a

muwapıq «orta ka`rxanalar» tu`sinigi biykar etildi ha`m 2004 jıl 1 yanvar`dan baslap to`mendegiler kishchk biznes sub`ektleri esaplanadı:

- jeke ta`rtiptegi isbilermenler;

- o`ndiris tarawlarında ba`nt bolg`an islewshilerdin` ortasha jıllıq sanı 20 adamnan, xızmet ko`rsetiw tarawı ha`m basqa` o`ndiriske baylanısı bolmag`an tarawlarda 10 adamnan, ko`tere ha`m usaqlap satıw sawdası, sonday-aq ulıwma awqatlanıw tarawında o` adamnan aspag`an mikrofirmalar.

To`mendegi tarawlarda ba`nt bolg`an islewshilerdin` ortasha jıllıq sanı:

- jen`il ha`m azıq-awqat sanaatı, metallg`a islew beriw ha`m a`sbapsazlıq, ag`ashtı qayta islew ha`m mebel` sanaatı ha`mde qurılıs materialları sanaatında – 100 adamnan;

- mashinasazlıq, metallurgiya, janılg`ı-energetika ha`m ximiya sanaatı, awıl xojalıq o`nimlerin islep shıg`arıw ha`m qayta islew, qurılıs ha`m basqa sanaat-o`ndirislik tarawlarda 50 adamnan;

- ilim, ilimiy xızmet ko`rsetiw, transport, baylanıs, xızmet ko`rsetiw tarawları (qamsızlandırıw kompaniyalarınan tısqarı), sawda ha`m ulıwma awqatlanıw ha`mde basqa o`ndirislik emes tarawlarda – 25 adamnan aspag`anlar kishi ka`rxanalar.

Menshik formalarına qaray kishi ka`rxanalardın` to`mendegi tu`rlerin ajıratıp ko`rsetiw mu`mkin:

1. Ma`mleketlik menshikke tiykarlang`an kishi ka`rxanalar.
2. Ja`ma`a`tlik menshikke tiykarlang`an kishi ka`rxanalar.
3. Puqaralardın` mu`lkine tiykarlang`an jeke ta`rtipte isleytug`ın kishi ka`rxanalar.
4. Ijara ka`rxanaları.
5. Kishi qospa ka`rxanalar.

2012 jılda respublikamızda isbilermenlik, onın` kishi biznes forması menen ba`nt bolg`an ka`rxanalar sanı 400 mın`nan astı. Olardın` jalpı ishki o`nimdegi u`lesi 50,1 protsentti quraydı. Isbilermenlikti rawajlandırıw esabınan qhg` mın` jan`a jumıs orınları jaratıldı.

Ma`mleketimizde kishi isbilermenliktin` rawajlanıwına usı tarawdı tu`rli da`rejelerde qollap-quwatlawdın` na`tiyjeli sisteması u`lken ta`sir ko`rsetedi. Ma`mleket ta`repinen onın` normativ-huqıqıy tiykarları islep shıg`ıldı ha`m jetilistirildi, kishi biznes ka`rxanaların finans-kredit ha`m investitsiya ta`repinen qollap-quwatlaw boyınsha ma`lim jumıslar a`melge asırıldı. Kishi isbilermenlikti qollap-quwatlaw boyınsha ma`mleketlik ha`m regionallıq da`stu`rler islep shıg`ıldı ha`m olar bu`gingi ku`nde de turmısqa izshil engizilmekte. Bul tarawda regionlar aralıq ha`m xalıq aralıq baylanıslar jolg`a qoyılmaqta, hu`kimetler aralıq ha`m xalıq aralıq sha`rtnamalar tastıyıqlanbaqta, isbilermenlerdin` ja`ma`a`tshilik birlespeleri xızmeti janlandırılmaqta, informatsiya ta`miynatı sisteması ju`zege keltirilmekte.

Ma`mleketimizde kishi biznes ha`m jeke isbilermenlik sektorının` qa`liplesiwi ha`m bekkemleniwinde Sawda-sanaat palatası, Diyxan fermer xojalıqları assotsiatsiyası, «Madad», «Kafolat», «Wzagrosug`urta» sıyaqlı bir qatar qamsızlandırıw kompaniyaları, Respublika biznes-inkubatorı, Diyxan ha`m fermer xojalıqların qollap-quwatlaw fondı, Miynet ha`m xalıqtı sotsiallıq qorg`aw ministrliginin` Jumıs penen ta`miyinlewge ko`meklesiw fondı sıyaqlı byudjetten tısqarı fondlardın` roli ju`da` u`lken boldı.

O`zbekistanda kishi ka`rxanalardı finanslıq qollap-quwatlaw sistemasının` jetilistiriliwi kishi biznes ha`m jeke isbilermenlikke xızmet ko`rsetetug`ın bankler, fondlar, investitsiyalar ha`m

qamsızlandırıw sho`lkemlerinin` xızmetlerin xoshametlew bag`darında alıp barılıwı lazım.

O`zbekistanda alıp barılıp atırg`an ekonomikalıq reformalardın` a`hmiyetli bag`darlarınan biri – kishi biznes ha`m jeke isbilermenliktin` rawajlanıwın ha`r ta`repleme qollap-quwatlaw tiykarında xalıq ba`ntliligin ha`m abadanshılıg`ın arttırıw mashqalalarının` sheshiliwi esaplanadı. Bul bag`darda Ministrler Kabinetinin` 2007-jıl 12-fevral`dag`ı qararında ma`mleketimizde bir qatar anıq ilajlardı a`melge asırıw wazıypaları qabıl etilgen edi ( 2-sızılmag`a qaran`).

2-sızılma.

**Ekonomikalıq reformalardı teren`lestiriwdin` en` a`hmiyetli bag`darları shen`berindegi tiykarg`ı wazıypalar, olardı a`melge asırıwg`a juwapker sho`lkemler ha`m ku`tilip atırg`an na`tiyjeler**

Kishi biznes ha`m jeke isbilermenliktin` jedel rawajlanıwın ha`r ta`repleme qollap-quwatlaw , usı tiykarında xalıqtı jumıs penen ba`nt etiw ha`m abadanshılıg`ın arttırıw mashqalaların sheshiw

| **Tiykarg`ı wazıypalar** | **Orınlaw ushın juwapker sho`lkemler** | **Ku`tilip atırg`an na`tiyjeler** |
|---|---|---|
| Kishi biznes ha`m jeke isbilermenlik struktu-rasın rawajlandırıw ha`m jetilistiriwdi ja`nede qollap-quwatlaw boyınsha Hu`kimet qararlarının` proektin islep shıg`ıw → | Ekonomika ministrligi, Finans ministrligi, Ma`mleketlik salıq ko-miteti, Monopoliyadan shıg`arıw, ba`seke ha`m isbilermenlikti qollap-quwatlaw ma`mleketlik komiteti → | Kishi biznes ha`m isbilermen-liktin` 2010-jılg`a barıp JIO` degi u`lesin 50-52 % ke jetke-riledi, eksport ko`lemi ko`beyedi, texnika ha`m texnologiyalıq struk-turalar jan`alanadı, joqarı professional intellektual miy-netten ken` paydalanıladı |
| Ma`mleketlik qadag`alaw sho`lkemlerinin` ka`rxana-lar xojalıq → | Adillik ministrligi, Finans ministrligi, Fermer xojalıqlar birlespesi, Sawda-sa- → | Ma`mleketlik qadag`alaw sho`l-kemlerinin` ka`rxanalar xoja-lıq xızmetine nızamsız aralasıw |

| | | |
|---|---|---|
| xızmetine nızamsız aralasıwlarına urınıwların ha`kimshilik ha`m sud ta`rtibinde jaza-lawdı qatan`lastırıw boy-ınsha qosımsha ilajlardı islep shıg`ıw | naat palatası, Bas pro-kratura | jag`dayları keskin qısqarıwı na`tiyjesinde isbilermenlik xızmetinin` erkinligin ja`nede bekkemlenedi |
| Auditorlıq ha`m qamsız-landırıw tarawı xızmet-lerin ja`nede jetilis-tiriw ha`m isbilermenlik strukturalarına xızmet ko`rsetiw sapasın arttı-rıw boyınsha usınıslar islep shıg`ıw → | Finans ministrligi → | Auditorlıq ha`m qamsızlandırıw tarawı xızmetlerinin` ja`nede jetilistiriliwi, usı tarawlar ta`repinen xızmet ko`rsetiw sapasının` artıwı kishi biznes ha`m isbilermenlik xızmetinin` rawajlanıwına unamlı ta`sir ko`rsetedi |

Bıyılg`ı jılda jeke isbilermenlik ha`m kishi biznes penen shug`ıllanıwshılar ushın ha`r qashang`ıdan da ken` imkaniyatlar jaratılatug`ınlıg`ı ta`biyiy.

Respublika ekonomikasının` qu`diretine ku`sh qosıwda aymaqlarda bir neshe o`ndirislik ka`rxanalar o`z o`nimlerin ishki ha`m sırtqı bazarlarg`a shıg`arıp, ma`mleketimiz g`azınasının` da`ramatların ko`beytiwde o`z u`lesin qospaqta. Bul birinshiden bolsa, ekinshiden bunday ka`rxanalardın` ashılıwı menen jumıssızlıq da saplastırıp, yag`nıy jumıssız ju`rgen puxaralardın` jumıs benen ba`ntligin ta`miyinlewde ayrıqsha orın iyelemekte.

Ma`selen, «Xalqabad» kolbasa o`nimin islep shıg`arıwshı ka`rxanasının` iske tu`skenine ko`p jıl bolmasada sırtqı bazarlarda o`z qarıydarların tawıp u`lgerdi. Bul ka`rxanag`a o`tken jılı Prezidentimiz I.A.Karimov elimizde bolg`an saparında jetilistirip atırg`an o`nimlerin barıp ko`rdi ha`m ka`rxananın` turmısı menen

jaqınnan tanıstı. Jurtbasshımızdın` Respublikamızg`a ayrıqsha itibarının` na`tiyjesinde usınday ka`rxanalar paydalanıwg`a bilmekte.

Elimizde jeke isbilermenlikti rawajlandırıw bag`darında jaratılıp atırg`an mine usınday mu`mkinshiliklerden orınlı paydalana bilgen isbilermen azamatlardan biri Berunıylı Bazarbay Masharipov o`tken g`0a`0-jıldın` iyul` ayında rayion aymag`ındag`ı derlik segiz jıldan berli o`z jumısın toqtatıp turg`an «Berunıy agrosanaat» sınar ka`rxanasın Berja arqalı satıp alıp « Shabbazlı Bazarbay usta» atamasında juwapkershiligi sheklengen ja`miyetin iske tu`sedi.

Isbilermen da`slep jan`a imarattı o`zinin` jumıs islewi ushın qolaylastırıp alıw maqsetinde 27 million 451 mın` swmlıq qayta rekonstruktsiya ha`m qurlıs-mantajlaw jumısların a`melge asırdı. Son` xalıqtın` talap xa`m mu`ta`jliklerin u`yrenip shıg`ıp 130 million 238 mın` swm ko`lemindegi Koreya, Kıtay ha`m Evropa ma`mleketlerinde islep shıg`arılg`an zamanago`y texnalogiyalar alıp kelip ornattı. Na`tiyjede bu`gingi ku`ngi kelip bul orında bir neshe tu`rdegi kolbasa, makaron, pesheniye ha`m konditor o`nimleri islep shıg`arıp, ishki bazarlarımızdı ta`miyinlemekte.

Ekonomikalıq reformalardı en jaydırıw barısında o`nim jetistiriw ko`lemin arttırıw menen birge olardı qayta isleytug`ın o`ndirmslik ka`rxanalar ashıwg`a da ayrıqsha itibar qaratılmaqta.

Jaqında g`ana No`kis qalasında Kipr ma`mleketinin` «Akofom» kompaniyası menen birgelikte terini qayta isleytug`ın qospa ka`rxanasının` iske tu`skenligi de bunın` ayqın da`lili.

Qospa ka`rxananın`, ulıwma bahası 10 mlrd sumnan ziyat bul ka`rxanada ha`zirshe 720 million swmlıq qurlıq-mantajlaw jumısları a`melge asırıldı. Ka`rxanada o`ndirislik shıg`ınlardı ziyansızlandırıw boyınsha sanitariyalıq talaplardın` tolıq orınlanıwın u`lken a`xmiyet berilgen.

Jılına 240 mın` danadan aslam qaramal terisin qayta islew quwatına iye ka`rxanada 80 nen aslam jan`a jumıs ornının` sho`lkemlestiriwi xalıqtın` ba`ntligin ta`miyinlewge unamlı ta`sir ko`rsetedi.

Ka`rxananı maman qa`niygeler menen ta`miyinlewge, jumısshılar ushın qolaylı sharayatlar jaratıwg`a ayrıqsha itibar bermekte.

Keleshekte ka`rxanada qoy-eshiklerdin` terilerin de qayta islew ha`m 100ge jaqın jan`a jumıs orınların ashıw rejelestirip atır. Ka`rxananı shiyki zat penen ta`miyinlew ushın qala ha`m rayonlarda teri qabıllaw shaqapshaların ashıw belgilengen.

Ha`zirgi waqıtta ka`rxanada islep shıg`arılg`an o`nimlerdi eksport etiw ushın Italiya, Turkiya ha`m Roosiya ma`mleketleri menen sha`rtnamalar du`zilmekte.

Bazar ekonomikası sharayatında usınday qospa ka`rxanalardın` ashılıwı xalıqtın` iyeligi ushın xızmet etip, birge islewi shen`berinin` ken`eyiwine, «Kishi biznes ha`m jeke isbilermenlik jılı» ma`mleketlik bag`darlamasının` tabıslı a`melge asırılıwına ja`rdem etedi.

Prezidentimiz I.A.Karimov O`zbekistanda kishi biznes ha`m jeke isbilermenlikti rawajlandırıw arqalı to`mendegi u`sh a`hmiyetli ma`selenin` sheshiliwin na`zerde tutılıwın belgilep bergen edi:

1) jaqın bes-on jıl ishinde usı tarawda jalpı ishki o`nimnin` 50-60 % in islep shıg`arıwg`a erisiw;

2) bul tarawdı rawajlandırıw xalıqtı jumıs penen ta`miyinlew ha`m onın` da`ramatları o`siwinin` en` a`hmiyetli dereklerinen birine aylanıwı;

3) ma`mleketimizdegi siyasiy, ekonomikalıq ha`m sotsiallıq turaqlılıqtın` tiykarı esaplang`an kishi ha`m orta menshik iyeleri klasın qa`liplestiriw.

Bul bolsa ekonomikalıq ba`sekinin` rawajlanıwın, tutınıw bazarın tovarlar ha`m xızmet tu`rleri menen toltırıwdı, sonday-aq jeke isbilermenliktin` ken` qatlamın jaratıwdı talap etedi. Usılardı esapqa alıp, bu`gingi ku`nde Respublikamızda to`mendegi ma`selelerdi sheshiw lazım:

- xalıqtın` ken` qatlamların bazar xızmetine alıp kiriw, olardag`ı bag`ıwshılıq, tutınıwshılıq psixologiyasın saplastırıw, arnawlı jeke isbilermenlik, kishi biznes penen aktiv shug`ıllanıw qa`lewin (qızıg`ıwshılıg`ın) oyatıw;

- awıl xojalıg`ındag`ı ekonomikalıq qatnasıqlardı tu`pten jan`alaw, diyxan ha`m fermer xojalıqlarının` xızmetin ja`nede rawajlandırıw ha`mde olardın` sanın mu`mkinshiligi barınsha ko`beytiw, aymaqlarda kishi ka`rxanalar sho`lkemlestiriw jolı menen waqtınsha jumıssız ju`rgen adamlardı qosımsha jumıs orınları menen ta`miyinlew;

- regionda bazar mu`na`sebetleri ha`m infrastrukturanı jedellestiriw, ekonomikalıq ba`sekini rawajlandırıw ushın shart-sharayatlar jaratıw;

- respublika xalqının` o`sip baratırg`an talap ha`m mu`ta`jliklerin tolıg`ıraq qanaatlandırıwg`a xızmet etiwshi ekonomikalıq ha`m sotsiallıq sharayatlardı jaratıw;

- ko`rsetiletug`ın xızmetler tu`rin ha`m da`rejesin keskin arttırıw, bank, auditorlıq, konsalting ha`mde tu`rli da`lda`lshılıq xızmetlerdi ha`zirgi zaman ilim ha`m texnika jetiskenlikleri tiykarında joqarı da`rejede sho`lkemlestiriwdi ta`miyinlew;

- ka`rxanalardı basqarıw na`tiyjeligin arttırıw, olardın` ekonomikalıq jaqtan g`a`rezsiz bolıwların ta`miyinlew ushın sharayatlar jaratıp beriw;

- orınlarda islep shıg`arılıp atırg`an o`nimler tu`rleri ha`m ko`lemin bazar talaplarına muwapıq an`satlıq penen maslastıra

alatug`ın tutınıw bazarın tovar menen toltırıp, eksport ushın tovar shıg`ara alatug`ın kishi ka`rxanalardı du`ziw.

Bizge ma`lim, respublikada miynetke qa`biletli xalıqtın` 65,3 protsenti awıllıq jerlerde jasaydı. Bul awıllıq orınlarda isbilermenliktin` rawajlanıwı ushın ju`da` u`lken imkaniyatlar bar ekenligin ko`rsetedi. Sonın` menen birge, awıl xojalıq o`ndirisinde ba`nt bolg`an artıqsha jumıs ku`shlerin xızmet ko`rsetiw, qayta islew ha`m sol sıyaqlı bag`darlarg`a qayta bo`listiriw kerek. Awılda isbilermenlikti, onın` kishi biznes formaların rawajlandırıw menen baylanıslı tu`rli basqarıw da`rejelerinde sho`lkemlestiriwshilik-ekonomikalıq ma`selelerdi sheshiw en` baslı ma`seleler qatarına kiredi.

Bul maqsetlerdi a`melge asırıw ushın ma`mleketimiz ko`leminde to`mendegi ma`selelerdi sheshiw lazım:

- bazar ekonomikası sharayatında isley alatug`ın kadrlar tayarlaw ha`m olardın` qa`nigeligin arttırıw;
- aymaqlarda haqıyqıy isbilermenlik ortalıg`ın jaratıw;
- kishi biznes ha`m jeke isbilermenlikti finanslıq jaqtan qollap-quwatlaw;
- kishi biznes ha`m isbilermenliktin` huqıqıy bazasın bekkemlew;
- kishi biznes ha`m jeke isbilermenlikti texnologiyalıq u`skeneler menen ta`miyinlewdi qollap-quwatlaw;
- reformalar na`tiyjelerin reklama ha`m xabar xızmetleri quralları arqalı ken` massag`a jetkeriw.

Isbilermenlik xızmetinin` rawajlanıwında salıq ha`m sawda tarawlarındag`ı ma`mleketlik siyasat a`hmiyetli rol` oynaydı. Izertlewlerdin` ko`rsetiwinshe usı tarawdag`ı sheklewler kishi biznestin` rawajlanıwındag`ı bir qatar mashqalalardın` ju`zege keliwine sebep boladı. Soraw o`tkerilgen isbilermenlerdin` 75

protsenti finans-kredit, 69 protsenti materiallıq-texnikalıq resurslar menen sawda islewdi jaqsılaw za`ru`rligi haqqında pikir bildirgen. Sonlıqtan reformalardın` ha`zirgi basqıshında bul tarawlarda isbilermenlikke tosqınlıq etip atırg`an faktorlardı analizlew ha`m olardı bazar talapları shen`berinde bahalaw ayrıqsha a`hmiyetke iye.

## JUWMAQLAW

O`zbekistanda a`melge asırılp atırg`an ekonomikalıq reformalarda menshik formalarının` rawajlanıwı ushın joqarı da`rejedegi imkaniyatlar jaratılmaqta. a`sirese, menshik formaları ishinde ayrıqsha a`xmiyetke iye bolg`an kishi biznes ha`m jeke isbilermenlik xızmetin rawajlandırıw menen baylanıslı bolg`an protsessler tezlik penen a`melge asırılmaqta.

Respublikanın` sotsial-ekonomikalıq rawajlanıwında kishi biznes ha`m jeke isbilermenlik xızmeti menen shug`ullanıw ushın jaratılıp atırg`an qolaylı sharayatlar ha`m imkaniyatlardan maqsetli paydalanıw barısında alıp barılıp atırg`an jumıslar ko`lemin usı bu`gingi ku`n talaplarınan kelip shıg`adı.

O`zbekstan Respublikası Prezidentinin` 2003 jılda qabıl etilgen Pa`rmanında «O`zbekstan ekonomikasında jeke sektordın` u`lesi ha`m a`hmiyetin teren`nen asırıw boyınsha ilajları haqqında» bolıp, onda usı jeke isbilermenlikti elede rawajlandırıw, onı basqarıw printsiplerin jetilistiriw, olardın` jumıslarına joqarıdan aralasıwın qadag`alap ha`m usınday protsesslerge itibarlı bolıw kerek ekenligin atap o`tilgen.

O`zbekistanda bazar ekonomikası qatnasıqların qa`liplestiriwde kishi biznes ha`m jeke ka`rxanalardın` rawajlanıwı, ekonomikanın` en` tiykarg`ı tarawlarına kishi biznestin` jaratılıwı ha`m bazar sharayatlarına onın` tezlik penen maslasıp barıp atırg`anlıg`ı guzetilmekte. Bunın` na`tiyjesinde ekonomikanın` quramındag`ı buwınlarında sezilerli qatnasıqları unamlı tu`rde o`zgermekte.

Respublikamızda kishi biznes ha`m jeke isbilermenlik sub`ektleri joqarı ko`rsetkishlerde o`spekte. Bunın` na`tiyjesinde, respublika ko`leminde qosımsha jumıs orınları ashıldı ha`m xalıqtı jumıs penen ta`miyinlep, sotsiallıq ma`selelerdin` sheshiliwine a`meliy jaqtan ja`rdem berildi. Ma`selen jan`a o`ndiris ob`ektlerin iske tusiriw, ha`rekettegi ka`rxanalardı ken`eyittiriw ha`m rekonstruktsiyalaw esabınan a`o`hq jan`a jumıs orınları jaratılıp bul ko`rsetkish 101,0 % ke orınlandı. Kishi ka`rxanalar ha`m mikrofirmalardı sho`lkemlestiriw esabınan 20980 jan`a ka`rxanalar jaratılıp bul ko`rsetkishte 100 %ke orınlandı.

Jeke ta`rtiptegi isbilermenlikti rawajlandırıw esabınan n`n`0w jan`a jumıs orınları jaratılıp bul ko`rsetkishte 100% ke  orınlandı. Respublikamızdag`ı agrar rayonlar qatarına kiretug`ın To`rtkul rayonında kishi ha`m jeke isbilermenlik ushın qolaylı sharayat jaratılg`anlıg`ı sebepli, To`rtkul rayonındag`ı paxta tazalaw ka`rxanası ja`ma`a`ti, rayondag`ı «NAMUKA» mashina traktor parkının` qarawsız jatqan binasına 20 mln sum qarjı ajıratıp onı rekonstruktsiyalap, tawıqshılıq firmasına aylandırıldı. Firmag`a 47 mln sumlıq zamanago`y texnologiyalar alıp kelip ornatılıp, firma bugingi kunde jergilikli kishi bazarlarg`a da`slepki parxez go`sh o`nimlerin islep shıg`ardı.

O`zbekistanda kishi biznes ha`m jeke isbilermenlik xızmeti menen shug`ullanıw ushın jaratılg`an shart-sharayatlar ha`m imkaniyatlardan na`tiyjeli paydalang`an jag`dayda, olar xızmetlerin sem`ya  ag`zaları qatnasıwında yamasa basqa dereklerdin` esabında sho`lkemlestiriw mexanizmin qollanbaqta ha`m keyingi waqıtlarda bul tarawlarda sem`yalıq quramında da xojalıq jurgiziwge ayrıqsha itibar qaratılmaqta. Bul ta`biy protsess, a`lbette, sebebi kishi biznes ha`m jeke isbilermenlik penen shug`ullanıwshı ha`r bir isbilermennin` xızmeti en` aldı menen insanlar arasında o`z ara isenimge, istin` ko`zin biliwge qaratılg`an boladı. Bunday jag`dayda isbilermen, birinshi na`wbette, o`zi bilgen, tanıg`an adamg`a suyenedi. Sonın` ushında isbilermenlik xızmeti menen shug`ıllanıp atırg`an biznesmenler ushın adamlardı jumısqa tartıwda adaspawı, xızmetkerler miynetin basqarıw ha`m sho`lkemlestiriwde tan`law huquqınan paydalanıw maqsetke muwapıq bolıp, bunnan isbilermennin` o`zi ulken ma`p ko`redi.

Ha`zirgi ku`ndegi tiykarg`ı maqset, sanaattı qayta islew jan`a texnologiyalarg`a su`yengen materiallıq o`ndiris tarawlarında olardın` sanın ko`beytiwden ibarat. Sebebi, sanaat ka`rxanalarının` rawajlanıwı respublika ekonomikasın ko`teriwde sheshiwshi a`xmiyetke iye bolıp, O`zbekistanda bunın` ushın barlıq imkaniyatlar ha`m resurslar jeterli. Usı kishi biznes ha`m jeke isbilermenlik iri ka`rxanalar menen tıg`ız baylanısqan halda juda` ko`plegen jumıs orınların sho`lkemlestiriw mu`mkin. Bir g`ana iri sanaat ka`rxanası aymag`ında, onın` ushın ja`rdemshi sıpatında onlag`an, juzlegen kishi ka`rxanalardın` juzege

keliwi ha`m bunnan ma`mlekettin` ekonomikası ulken ma`p ko`riwi ekonomikası rawajlang`an ma`mleketler mısalında ko`riwimiz mu`mkin.

O`zbekistan Respublikasında kishi ha`m jeke isbilermenlikti rawajlandırıw tiykarında a`melde menshiklik toparların qa`liplestiriw en` za`ru`r sotsial-ekonomikalıq a`xmiyetke iye. Sonlıqtanda, ekonomikanı erkinlestiriw ha`m reformalardı elede teren`lestiriw jag`dayında kishi biznes ha`m jeke isbilermenlikti rawajlandırıw en` baslı wazıypa etip belgilengen. Usı wazıypanı a`melge asıvrıw maxsetinde, hukumetimiz ta`repinen bir qansha nızam ha`m qararlar qabıl etildi. Usı nızam ha`m qararlarg`a tiykarlanıp kishi biznes ha`m jeke ka`rxanalardı rawajlandırıw maxsetinde Axborot-konsalting xızmet ko`rsetiw orayları ha`m Biznes-inkubatorlar sho`lkemlestirildi. Sonday-aq, isbilermenlerdi finanslıq jaqtan qollap-quwatlaw ushın byudjetden tısqarı fondlar qarjıların jumsaw jaqsı jolg`a qoyılg`an. Kishi ha`m jeke ka`rxanalardı rawajlandırıwda xalıq aralıq finanslıq mekemeler menen birgelikte islesiwdi ku`sheytiw ha`m isbilermenlikti rawajlandırıw ushın ishki ha`m sırtqı finanslıq dereklerdin` qarjıların tartıwdı elede janlandırıw lazım bolıp tabıladı.

Joqarıda keltirilgen mag`lıwmatlarg`a tiykarlanıp, ka`rxanalardı menshiklestiriw na`tiyjesinde o`ndiristi rawajlandırıwda, respublikamız ekonomikasında kishi biznes ha`m jeke isbilermenliktin` rolin jetilistiriw maqsetinde to`mendegi juwmaq ha`m usınıslardı keltiriwimizge boladı:

1. Elimiz ha`m onın` aymaqlarında ja`ne de qolay biznes-ortalıg`ın jaratıw;

2. Jeke menshiktin` u`stinligin bekkemlewge qaratılg`an nızam hu`jjetlerin jetilistiriw ha`m bunda isenimli kepilliklerdi ta`miyinlew;

3. Isbilermenlikke ko`birek erkinlik beriw, ma`mlekettin` basqarıw funktsiyaları ha`m ruxsat beriwshi normaların qısqartıw, byurokratlıq tosıqlar ha`m irkinishlerdi alıp taslaw;

4. Kishi biznes sub`ektlerinin` finans-kredit ja`ne shiyki zat resurslarınan, olar islep shıg`aratug`ın o`nimlerge ma`mleketlik buyırtpalar beriliwinen ken` paydalanıwdı ta`miyinleytug`ın bazar quralları ha`m mexanizmlerin engiziw;

5. Ma`mleketlik ha`m qadag`alaw uyımlarının` isbilermenlik sub`ektlerinin` finans-xojalıq jumısına aralasıwın keskin qısqartıw;

6. Kishi ka`rxanalardı du`ziw ja`ne kishi ka`rxanalar ha`m isbilermenlerdi dizimnen o`tkeriwdin` ta`rtip-qag`ıydaların ja`ne de a`piwayılastırıw;

7. Kishi biznes ha`m jeke isbilermenlik salası ushın salıq ha`m basqa da to`lemler boyınsha ja`ne de qolaylı mu`mkinshilikler jaratıw, jen`illikler ha`m preferentsiyalar beriw, esap beriw sisteması ha`m finans, salıq ja`ne statistika uyımlarına esabatlar tapsırıw mexanizmin jetilistiriw ha`m unifikatsiyalaw;

8. Kishi biznes ha`m jeke isbilermenlik sub`ektlerine kreditler beriw mexanizmin bunnan bılay da jetilistiriw ja`ne olardın` ko`lemin arttırıw, birinshi gezekte, investitsiya maqsetlerine, baslang`ısh kapitaldı qa`liplestiriwge kreditler ajıratıw, o`ndiristi modernizatsiyalaw ja`ne texnologiyalıq jan`alaw ushın qısqa ha`m uzaq mu`ddetli kreditler beriw;

9. Kishi biznesti rawajlandırıwg`a sırt el investitsiyaların, ba`rinen burın, xalıq aralıq finans institutlarının` kreditlerin ha`m tikkeley investitsiyaların ken` tartıw ja`ne bag`darlaw;

10. Sanaat tarmaqlarında kishi biznes ha`m jeke isbilermenlikti rawajlandırıw ja`ne joqarı texnologiyag`a tiykarlang`an zamanago`y o`ndirislerdi sho`lkemlestiriw ushın ken` imkaniyatlar jaratıw, kishi biznes ha`m jeke isbilermenlik sub`ektleri ta`repinen o`ndiriske innovatsiyalıq texnologiyalardın` engiziliwin xoshametlew;

Joqarıda keltirilgen juwmaq ha`m usınıslar respublikamızda ka`rxanlardın` menshiklestiriliwinde ha`m olardı jetilistirip barıwda esapqa alınsa o`zinin` unamlı na`tiyjelerin beredi.

## PAYDALANILG`AN A`DEBITLAR DIZIMI

1. Wzbekiston Respublikasining Konstitutsiyasi.-T.:Wzbekiston, 2011

2. Wzbekiston Respublikasining Soliq kodeksi. – Toshkent: Adolat, 2008.

3. Tadbirkorlik sub`ektlarini davlat rwyxatiga olish va hisobga qwyishning xabardor qilish tartibi twg`risidagi nizomga wzgartish va qwshimchalar kiritish twg`risida” Wzbekiston Respublikasi Prezidentining PQ-1513-sonli qarori (2011 yil 28 mart).

4. “Kichik biznes va xususiy tadbirkorlikni yanada rivojlantirish uchun qulay ishbilarmonlik muhitini shakllantirishga doir qwshimcha chora-tadbirlar twg`risida” Wzbekiston Respublikasi Prezidentining PF-4354-sonli Farmoni (2011 yil 24 avgust).

5. Wzbekiston Respublikasi Prezidentining «Mikrofirmalar va kichik korxonalarni rivojlantirishni rag`batlantirish borasidagi qўshimcha chora-tadbirlar tўg`risida» PF – 3620-sonli farmoni (2005 yil 20 iyun`).

6. Wzbekiston Respublikasi Prezidentining “Tadbirkorlik sub`ektlarini huquqiy himoya tizimini yanada takomillashtirish chora-tadbirlari twg`risida”gi PF-3619-sonli Farmoni (2005 yil 14 iyun).

7. Wzbekiston Respublikasi Prezidentining “Wzbekiston Respublikasining 2010 yilgi asosiy makroiqtisodiy kwrsatkichlari prognozi va Davlat byudjeti parametrlari twg`risida”gi PQ-1245-sonli Qarori (2009 yil 22-dekabr).

8. O`zbekiston respublikasi Prezidenti Islom Karimovning 2012-yilda mamlakatimizni ijtimoiy-iqtisodiy rivojlantirish yakunlari hamda 2013-yilga mo`ljallangan iqtisodiy dasturning eng muhim ustuvor yo`nalishlariga bag`ishlangan Vazirlar Mahkamasining majlisidagi ma`ruzasi Xalq so`zi gazetasi 2013 yil 19 yanvar`.

9. Mamlakatimizni modernizatsiya qilish va kuchli fuqarolik jamiyati barpo etish – ustuvor maqsadimizdir. – Prezident Islom Karimovnin`g Wzbekiston Respublikasi Oliy Majlisi Qonunchilik palatasi va Senatinin`g qwshma majlisidagi ma`ruzasi // Xalq swzi, 2010 yil 28 yanvar`.

10.Asosiy vazifamiz – Vatanimiz taraqqiyoti va xalqimiz farovonligini

yanada yuksaltirishdir. – Prezident Islom Karimovning 2009 yilning asosiy yakunlari va 2010 yilda Wzbekistonni ijtimoiy-iqtisodiy rivojlantirishning eng muhim ustuvor ywnalishlariga bag`ishlangan Vazirlar Mahkamasining majlisidagi ma`ruzasi // Xalq swzi, 2010 yil 30 yanvar`.

11. Karimov I.A. “2012 yil vatanimiz taraqqiyotini yangi bosqichga kwtaradigan yil bwladi” -Toshkent: «Wzbekiston», 2012.

12. Xodiev B.Yu, Kosimova M.S., Samadov A.N Kichik biznes va xususiy tadbirkorlik. –T.: TDIU, 2010.

13. Bekmurodov A.Sh. va boshqalar «Wzbekiston iqtisodiyotni liberallashtirish va modernizatsiyalash ywlida» Ekspress-prospekt. T.: Iqtisodiyot, 2009.

14. Bekmurodov A.Sh., Berkinov B.B., Usmonov B.B., Hamidov O.M., G`afurov U.V. va Ne`matov I.U. «Wzbekiston iqtisodiyotni liberallashtirish va modernizatsiyalash ywlida» Ekspress-prospekt. T.: Iqtisodiyot, 2009.–5 b.

15. Bekmurodov A.Sh., G`afurov U.V. «Wzbekiston – iqtisodiyotni modernizatsiyalash hamda islohotlarni chuqurlashtirishnin`g yangi va yuksak bosqichi ywlida» T.: Iqtisodiyot, 2008. – 126 b.

16. Bekmurodov A.Sh., Gimranova O.B., Shamshieva N.N. «Ommabop iqtisodiyot: mohiyati va asosiy tushunchalari» Ilmiy-ommabop qwllanma. T.: Iqtisodiyot, 2009. – 92 b.

16. Bekmurodov A.Sh., G`afurov U.V. Wzbekiston – iqtisodiyotni modernizatsiyalash hamda islohotlarni chuqurlashtirishnin`g yangi va yuksak bosqichi ywlida. T.: Iqtisodiyot, 2008. – 126 b.

17. Taymuhamedov I. “Bank ishi” T.: TDIU, 2005 yil Rossiyada chop etilgan darsliklar.

18. Sviridov O.Yu. “Den`gi, Kredit, banki”. M.: IKTs Mart Rostov, 2004 g.

19. O.I.Lavushin «Den`gi, Kredit, banki» Moskva 2010 g

20.Wzbekiston Respublikasi iqtisodiy-ijtimoiy taraqqiyotining mustaqillik yillaridagi (1990-2010 yillar) asosiy tendentsiya va

kwrsatkichlari hamda 2011-2015 yillarga mwljallangan prognozlari: statistik twplam. – T.: “Wzbekiston”, 2011.

21. Kasimova M.S., Yusupov M.A., Ergashxadjaeva Sh.J. Marketing. T.: TDIU, 2010.

22. Wzbekiston Respublikasi Prezidenti I.A.Karimovnin`g «Mamlakatimizni modernizatsiya qilish va kuchli fuqarolik jamiyati barpo etish – ustuvor maqsadimizdir» hamda «Asosiy vazifamiz – Vatanimiz taraqqiyoti va xalqimiz farovonligini yanada yuksaltirishdir» nomli ma`ruzalarini wrg`anish bwyicha Wquv-uslubiy majmua – Toshkent: Iqtisodiyot. - 2010. – 331 bet

23. Wzbekiston iqtisodiy axborotnomasi jurnali 2006-2010 yil sonlari.

24. Bozor, pul va kredit jurnali 2006-2011 yil sonlari.

25. Xodiev B.Yu, Kasimova M.S., Samadov A.N Kichik biznes va xususiy tadbirkorlik. –T.: TDIU, 2010

26. G`ulomov S. «Tadbirkorlik va kichik biznes» Toshkent 2002

27. Ibodova D. Raqobatbardosh mahsulotlar ishlab chiqarish samaradorligini oshirish ywllari. - Ekonomika i klass sobstvennikov, №3,2003,

28. Ishmuxamedova L. A «Maliy biznes i predprinimatel`stvo» Toshkent 2006

29. Jwraev A., Tashmatov Sh., Abduraxmanov O. «Soliqlar va soliqqa tortish» Toshkent–«Norma». 2009g.

30. Ishmuxamedov A.E., Sunnatov M.N., Eshov M. P. «Bozor qtisodiyoti va biznes asoslari»– T.: 2005 144 b.

31. Shirokov B.M. «Maliy biznes: finansovaya sreda predprinimatel`stvo» - M.: Finansi i statistika, 2006

33. Samadov A,N., Ostanaqulova G.N. Kichik biznes va tadbirkorlik. T.: Moliya-iqtisod, 2008.

34. Qosimova M.S., Samadov A,N. Kichik biznes va tadbirkorlik. T.: Wzbekiston yozuvchilar uyushmasi, 2005.

## Internet saytlar:


1. http://www.cer.uz
2. http://www.review.uz
3. http://www.federalreserve.gov
4. http://www.imf.org
5. http://www.nalog.uz
6. http://www.mf.uz
7. http://www.tfi.uz
8. http://www.gov.uz
9. http://www.expert.ru